


CHIRATIDZO CHEPA PATIMOSI

 . . . apo Hama Neville vanga vachitaura zviziviso izvozvo kuti . . . Hama Moore vaitaura rimwe zuva, vachitaura nezve Mweya waShe, wakapinda . . . uchipinda muchivakwa. Vakati, “Wakava mukuru kwazvo imomo zvekuti ndakafunga kuti Kubvutwa kwakanga kwauya kusvikira ndatarisa kwese-kwese, ndokuona vamwe vagere pano,” ndikati, “kwete, hakusati kwasvika nazvino, nekuti kana—kana vachiri pano zvadaro ndinoziva kuti ndichiri pano.” Saka dzimwe nguva Mweya waShe unova wakanaka zvakadaro kwatiri.

² Tinofara zvikuru kuva neshamwari dzakawanda dzatinoona muchivakwa. Vakawandisa zvekuti ndiedze kuvataura. Ndazokaruka ndacherechedza, vapinda napamukova, Hama Carpenter, murume akachatisa mudzimai neni pamwe chete. Hama Carpenter, vanga vari chikomborero chikuru kwatiri pano pachechi, uye vanga vari chikomborero kwatiri munzira yokushumira, uye vanoparidza chero hako, chero kwakawanda. Uye tinofara kuva navo muno pamwe, oo, vamwe vakawanda kwazvo.

³ Zvino pane mumwe mubvunzo pano wandakapihwa manheru apfuura:

Hama Branham, mhandara shanu dzakapusa dzaMateo 25 dzinoverengwa sevakasara veMarudzi here? Ndinonzwisisa kuti mhandara shanu dzakapusa dzakaponeswa asi dzinofanira kupfuura nemunguva yekutambudzika kukuru. Ndizvo here? Kana zvakadaro, ndekupi pokupedzisira kwadzichagumira? Dzingava here makwai akaparadzaniswa kubva kumbudzi muna Mateo 25:33 ne34?

⁴ Mudzidzi webhaibheri akanaka kwazvo maererano nezvandino . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . kuzvifungawo zvakare, kuti ndivo vakasara, mhandara yakarara ndeavo vakasara vanotaurwa nezvavo muna Zvakazarurwa; vembeu yemudzimai vanoehengeta mirairo yaMwari uye vane chapupu chaJesu Kristu. Mudzimai anotora chi—chidimbu chejira zvino ochiwaridza pasi; saka, zvino, ndiro raari kucheka yake . . . kana kuti anotora patani yake oisa chero paanoda, nechero nzira yaari kuzocheka nayo. Uye zvadaro raasiya racho ndiro rinonzi rasara, asi anosarudza kuricheka kubva pane imwe nzvimbo nekufunga kwake kwakasununguka. Asi rinosara racho ndiro rinonzi rasara.

⁵ Zvino, kana mukacherechedza, kwaiva nemhandara shanu dzakapusa neshanu dzakachenjera; vose vakanga vari mhandara, vakagadzirwa nechinhu chimwe chete. Asi, nekusanangura, Mwari vakasarudza Mwenga waVo

nekusanangura nyika isati yavambwa, ndokuisa mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana rakaurayiwa nyika isati yavambwa; nyika isati yambotanga, Mwari mupfungwa dzaVo, vari vasina magumo.

⁶ Uye tinoshandisa izwi dzimwe nguva, kuti “kufanotemera,” asi harina chaizvo kujairika muzera rino rechechi ratiri kurarama mariri. Zvirokwazvo raiva chinhu chikuru chakashandiswa mumazuva evaifira chitendero, nokuti vakaritenda zvezvirokwazvo. Asi yabva paRiri zvino, kuenda kupfungwa dzezvemitemo, dzidziso yezvemitemo muhechi inouya...Chaiva chinhu chakanaka, nokuti zvose zvakanga zvaenda kuchiCalvinism muEngland kusvikira vakanga vasisina kana rumutsiriro zvachose, uye John Wesley akauya achiparidza dzidziso yechiArminiani yakazvienzanisa. Mwari vanogara vachizvienzanisa.

⁷ Saka zvino mhandara yakapusa ndiyo yakanga isina mafuta mumarambi avo, iyo yandinotenda kuti yakakandirwa kunze kurima rekunze uko kuchava nekuchema, kuungudza, nekugeda-geda kwemeni. Uye kana ukazvienzanisa, kana zvinyorwa zvako zvepazasi, zvinozozvidzose kumashure zvakare kune kutambudzika kukuru. Uye ndinofunga kuti ndivo vanosara vachizopfuura nemukutambudzika kukuru. Uye chidzidzo chikuru ipapo, dai taiva nenguva yekupinda machiri. Kana iwe...

⁸ Zvino, rangarirai, ndakataura pakutanga, apo pamunonzwa matepi, “Zvinhu izvi zviri maererano nenziira yandinovitenda kuye zviri izvo.” Maona? Zvino, kana zvisizvo, handi—handizivi kuti ndizvo zvazviri. Ini...Uye ndinogona chete kutaura zvandinotenda. Uye handirevi kurwadzisa manzwiro ehero munhu upi zvake. Tinofanira kungozvisiya padivi patinopinda, uye tobva tatora chinhu chakataurwa, zvino tochinzvera, uye toona chaizvo kana chiri Magwaro here kana kuti kwete. Ndiyo nzira yakanakisa yekuzviita. Zvino...Nekuti muzuva seratiri kurarama mariri zvino, munyika umo makakohororwa nguva nenguva nenguva nenguva nemhando dzose dzezvinhu zvose, saka, zvakaoma kuita kuti vanhu vangonyatsozvizibata, sezviri munharaunda yenzvimbo isina kumborimwa. Ukavaudza, vanozvitenda, ndiyo nzira yazvinoenda nayoyi.

⁹ Asi, zvino, mumwe anouyako aine pfungwa *iyi*, uye mumwe anouyako aine pfungwa *iyi*, uye tine machechi emasanganano angangosvika mazana mapfumbamwe neanoraudzira akasiyana, uye imwe neimwe ichipesana (dzidziso yayo) kune imwe; zvino panofanira kuva nemumwe munhu ari kukanganisa, uye nemumwe ari pachokwadi. Saka zvino humbowo chete hwazvo, ndehwekuzvidzosa kuBhaibheri; munoona, regai Bhaibheri. Zvino, nguva zhinji, vanhu vanoisa dudziro yavo pachavo. Asi tinoedza nepose patinogona napo, kusaisa chero

dudziro yemunhu pazviri. IngoRiverenga sezvaRiri, uye woti, “Ndiyo nzira yaRiri.”

¹⁰ Uye zvakare ndagara ndacherechedza, kana ukatora izvo chete zvaVakataura, zvichaita kuti zvinhu zvose zvinyatsopindirana nemazvo muMagwaro. Zvakada kufanana nekuumba pamwe chete mufananidzo uri mutuzvime-duzvime-du twakavhengana, unofanirwa kutarisa patani usati wagona kuisa mufananidzo uri mutuzvime-du-zvime-du pamwe chete zvakanaka. Kana ukasadaro, ndaigara ndichiti, “Waizova uine. . . Muchionwa chako, waizova nemhou ichinhonga uswa pamusoro pemuti.” Saka izvozvo—izvozvo hazvaizoratidzika zvakanaka.

¹¹ Uye kana tikangobvumira Mweya Mutsvene. . . Ndiani akanyora Bhaibheri? Mweya Mutsvene wakafamba pavarume vakanyora Bhaibheri. Zvino pasina Mweya Mutsvene, zvisinei nokuti wakadzidza zvakanaka zvakadii, haufe wakaRinzwisisa. Nokuti kunyange Jesu akatenda Mwari kuti Vakanga vaZvivanza kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye voZvizarurira kuvacheche avo vaizodzidza. Uye mumwe nemumwe wevadzidzi vainge vari vanhu potse-potse vasingagoni kunyora nekuverenga uye vasina kudzidza kunze kwemumwe chete, zvino aiva ari Pauro. Zvino Pauro akati akatozokanganwa zvose zvaakamboziva kuitira kuti awane Kristu. Saka akaudza chechi yeVaKorinde, iye “haana kuuya nehuchenjeri hwevanhu nekutaura kukuru,” nekuti ipapo kutenda kwavo—kwavo kwaizova muhuchenjeri hwevanhu, asi akauya kwavari nesimba uye nekuratidzwa kweMweya Mutsvene, kuti kutenda kwavo kugozorora pamabasa eMweya Mutsvene maererano neShoko raMwari. Uye ndipo patiri kuyedza kurembera nepedyo-pedyo napo, izvozvi, nekuti vhiki risati rapera, kana nguva panozopera vhiki, muchazviona, ndizvo chaizvo zvazvange zviri, kashinda kadiki ikako kachiuya kachidzika nemuzera nguva yose iyi.

¹² Ndinokutendai nekuisa bhodhi kumusoro zvishoma. Zvinotaridzika zviri nani.

¹³ Zvino, oo, isu. . . Ndinoshuvira kuti dai taiva nazvo nguva yose yechando, kuitira kuti tingatora rose Bhuku raZvakazarurwa tongopfuura chaimo nemaRiri. Idzidziso dzakanaka kwazvo imomo. Uye ndinorangarira, ndinofungidzira anga ari makore angaita makumi maviri apfuura kana kuti makumi maviri namashanu, apo chechi yakanga ichiri itsva, takatanga imwe. . . kwekutangisa kwechimwe chirimo, uye ndokutoda kutosvika pane chirimo chaitevera, tichipfuura nemuBhuku raZvakazarurwa.

¹⁴ Zvino, ndinorangarira ndichitora Bhuku raJobho. Oo, Hama Wright! Ndakagara pariri kwenguva refu kwazvo kusvikira pakupedzisira mumwe mudzimai akanyora akandibvunza,

akati, “Hama Branham, hamusi here kuzombofa makabvisha Jobho kubva pamurwi wemadota iwoyo?” Saka, ndakanga ndichiedza kutaura pfungwa yacho, nokuti ipapo chaipo ndipo pakasungirirwa zvinhu zvose, panzvimbo iyoyo; kusvika panzvimbo apo pachokuti Mweya waShe wakauya pamusoro pake, ipapo mheni payakatanga kupenya nomutinhiro uchitinhira, Mweya wakauya pamusoro pemuporofita uye akaona kuuya kwaShe. Uye ndaida kuti izvozvo zvinyatsosinina, ndicho chikonzero ndakamuchengeta pamurwi wemadota kwenguva refu, kuti—kuti tigone kuburitsa pfungwa yacho. Uye ndinoziva zvinogona kuti netesei zvishoma, vamwe. Ndinohutahuta, neniwo, pandinonzwa mumwe munhu achipotererapoterera pane chimwe chinhu, zvoita sekunge anozopfuurira mberi onanga pachiri. Asi pamwe Mwari vari kutungamirira munhu iyeye nechinangwa cheizvozvo.

¹⁵ Zvino tichidzokera kune vakasara ava, tisati tasiya mubvunzo. Ndinovimba ndaunzwisisa zvakajeka. Izvi... Ndinotenda zvechokwadi kuti vakasara vakasarudzwa naMwari. Ndi—ndinozvitenda, kuti Mwari vakasarudzwa vakasara nyika isati yavambwa; uye vakaita ne “kufanoziva” kwaVo. Kwete shoko... Zvino tarisai *kufanotemera*, munoono, nokuti izwi duku rinobaya-baya pakati pevanhu. Maona? Asi Mwari, nyika isati yavambwa, mupfungwa dzaVo huru dzisina magumo, vakasarudza Chechi, vakasarudza Jesu, vakasarudza Chechi, uye vaigona kufanotaura pamavambo zvazvaizove pakuguma. Ivo... Kana Vasina magumo, hapana chinhu chaVaisaziva. Vaiziva nhata imwe neimwe yaizombova panyika, uye kuti kangani kayaizobwaira maziso ayo. Zvino, ndizvo chaizvo... uye kuti yaizogadzira mafuta akawanda sei, uye kuti dzese zvadzo dzaizogadzira akawanda zvakadini pamwe chete. Ndiko kusava nemagumo, hakuna magumo; iwe—iwe... hapana nzira chose yekuZvitsanangura. Uye Mwari, ndizvo zvaVari, Mwari vasina magumo.

¹⁶ Saka, mukacherechedza, Bhaibheri rakataura kuti mumazuva ekupedzisira kuti antikristu uyo aizouya panyika...

¹⁷ Zvino nyatsoteererai! Ndiyo mhosho chete... Ndinofungidzira kuti aigona kuwana mamiriyoni mune yangu. Asi paHama yedu inokosha Billy Graham, rimwe zuva, mharidzo iya yakatsaurwa yavakaparidza Svondo yapfuura, uye ini zvirokwazvo ndanofunga kuti yaive mharidzo panguva yakafanira. Uye... asi vakataura kuti “Satani ari kutonyengera Vasanangurwa.”

¹⁸ Kwete, Bhaibheri rakati, “Aizonyengera Vasanangurwa *dai* zvaibvira.” Asi hazvigoneki, nekuti Mwari vakavasarudza nyika isati yavambwa. Maona? Gwayana... Jesu Kristu aive Gwayana rakabayiwa kubva pakuvambwa kwenyika. Kana Mwari vachinge vatongoisa mupfungwa dzaVo, paVanotaura Shoko iroro, haRimbofe rakashanduka, haRimbofe rakachinja.

Munoona, nokuti Ivo—Ivo—Ivo havana magumo, zvino Mashoko aVo achaitika.

¹⁹ Chimbofunga, chaizvo... nyika yatakagara pairi manheru ano iShoko raMwari rakaratidzwa. Nyika yakaumbwa pamwe chete nezvinhu zvisingatamboonekwe. Vakangoti, “Ngakuve,” uye ikavapo. Zviri nyore sei kuti Mwari iyeye apodze mutumbi unorwara ipapo, kana Vachikwanisa gadzira chisikwa nokungochitaura. Munoona, Shoko raVo. Dai taigona chete kuwana kutenda kwekuti tione kuti Shoko raVo chii! Takanyanya kubatwa nezvepanyika uye tiine zvinhu zvakawandisa kwazvo mupfungwa dzedu izvo isu... Oo, handizivi. Takave nezvinyorwa zvakawanda kwazvo, chidimbu kubva kune uyu, uye chidimbu kubva kune uyo, uye—uye zvangotivitsa panzvimbo yazvakangotsveyamiswa zvose. Asi kana ukakwanisa kuzunguza chinhu chacho chose chisununguke, wodzoka pakuziva kuti ndiVo Mwari, uye Mashoko aVo haagani kukundikana saiVo havagoni kukundikana. Uye kana Shoko iroro rikakundika, ipapo Mwari vanokundika; zvino kana Mwari vakakundika ipapo... Havasi Mwari. Maona? Saka... Uye munorangarira, haVakwanise kutaure chinhu chimwe *pano* uye nechimwewo chinhu neche *kuno*; Vanofanira kugara nesarudzo yaVo yekutanga kuitira kuti vave Mwari. Saka, tinongova-...

²⁰ Uye Vakangotikumbira chinhu chimwe chete, kutenda kuti zvaVakataura iChokwadi, uye Vachazviita kuti zviitike. Oo, zvakanaka sei! Maitarisira chinhu chinongoerekana chaitika; dzimwe nguva zvinongotora kutenda kushoma-shoma. Hazviiti chishamiso, asi kana ukabatirira pakuri, kunokubuditsa; ingogara chaizvo nako. SezvaVakataura, “Mbeu yemasitadhi, dukusa pambeu dzose.” Asi wakambozvicherechedza here, masitadhi haisangani nechero chinhu. Haugone kuita masanganiswa emastadhi nechero chinhu, haisanganisiki. Uye kana uine kutenda, kutenda kuduku hako kusingasanganiswi nechero kusatenda zvako kana chero zvimwewo zvemachechi kana dzidziso, chingogara ipapo naMwari, chingogara ipapo naKo, Kuchakupfudza nemumhute chaimo, kwokubuditsa kunze chaiko. Hongu! Ingogara nekutenda ikoko.

²¹ Zvino, mavambo, apo Mwari... Bhaibheri rakataura, muna Zvakazarurwa, kuti “Antikristu, mumazuva ekupedzisira...” Zvino tarisai machechi aya ose ari kuungana pamwe chete. “Antikristu, mumazuva ekupedzisira, anozonyengera vose vaiva panyika vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana kubva pamavambo enyika.” Zita rako rakaiswa riinhi muBhuku reHupenyu? Tisati tambova nenyika, wakasarudzwa kuti ugamuchire Mwera Mutsvene muzera rino.

²² Ndabatana naEddie Perronet:

Ndakarovera mweya wangu hoko munzvimbo
 yezororo,
 Kusazofamba nechikepe pagungwa
 rekupokana, rinotyisa zvachose;
 Dutu guru rinogona kutsvaira napamusoro
 pepakadzika panotyisa, pane dutu,
 Asi muna Jesu takachengetedzwa
 nekusingaperi.

²³ Hapana chinogona kutiparadzanisa (Mwari havagone... havadzokere shure paShoko raVo. Uye kana Vasina magumo, uye vakakupa Mweya Mutsvene *pano*, vachiziva kuti Vacharasikirwa newe zasi *kuno*, Vanoita basa rerudzii?), kana usina kunyengerwa muchiitiko chako, kana uine Mweya Mutsvene. Asi tarisai zvakataurwa neBhaibheri, VaEfeso 4:30, “Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakaiswa chisimbiso nawo kusvikira...” Rumutsiriro rwunotevera? Zvinonzwika zvakana here? “Wakaiswa chisimbiso kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwako!” Kusvika riinhi? Kusvikira pakudzikinurwa kwako.

²⁴ Tora tiroko rechitima, woriisa zvinhu riri panjanji, uye kana ranyatsozadzwa zvakakwana...Zvino, havakwanise kuvhara tiroko nazvino, inisipikita anofanira kuuya ipapo. Uye anoongorora, uye oona kana paine chero chinhu chakaregedzeka chinozozunguzika. Tiroko rinogona kunge riri...Tiroko rinogona kunge rakazadzwa zvizere, asi kana riine nzvimbo dzakaregedzeka mariri, munofanirwa kurirongedza zvakare. Uye ndiro dambudziko, vazhinji vedu tisingawane Mweya Mutsvene; inisipikita paanouya ipapo, Anowana nzvimbo dzakawanda dzakaregedzeka, munoona, saka haAzoisi chisimbiso nazvino.

²⁵ Mudzidzi mukuru webhaibheri akauya kwandiri rimwe zuva, kana kuti kwete rimwe zuva, anga ari makore matatu kana mana apfuura, zvino akati, “Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.” Akati, “Abrahama wakatenda Mwari, zvikanzi kwaari kururama.”

Ndakati, “Ichokwadi, ndizvo.”

Akati, “Chii chimwe chaaigna kuita murume wacho kunze kwokutenda?”

Ndikati, “Ndizvo zvoga zvaaigna kuita.”

²⁶ Akati, “Zvino unoendepi nezvinhu zveMweya Mutsvene zviru kunze kweizvozvo?” Zvino, munoziva akanga ari muBaptisti. Uye akati—akati, “Unoendepi neMweya Mutsvene uyu?” Akati, “Kana munhu atenda! Paminiti yaunotenda, wagamuchira Mweya Mutsvene.”

Ndakati, “Kwete, kwete. Zvino, iwe—iwe unoisa kupikisana muMagwaro, Magwaro haaZvipikisi. Maona? Pauro

akavabvunza kuti, ‘Makagamuchira Mweya Mutsvene here *kubva* zvakatenda?’”

Uye akati, “Zvakanaka . . .”

²⁷ Ndikati, “Ichokwadi kuti Abrahamama baba vekutenda akapa . . . akanga aine vimbiso yaMwari uye akatenda Mwari, uye zvikanzi kwaari kururama, asi Vakamupa chisimbiso chokudzingiswa sechiratidzo chokuti Vakanga vagamuchira kutenda kwake.”

²⁸ Zvino, kana Vasati Vambokusimbisa neMweya Mutsvene nazvino, haVasati vagamuchira kutenda kwako maVari nazvino, une dzimwe nzvimbo dzakaregedzeka. Maona? Unogona kutenda, hongu, asi pane nzvimbo dzakawanda dzakaregedzeka. Asi kana ukaita kuti nzvimbo dzese dzakaregedzeka dzive dzakarongedzwa zvakanaka, ipapo Vanokusimbisa neMweya Mutsvene kusvikira pazuva rerudzikinuro rwako. Ndiko kusimbisa kwaMwari kuti vagamuchira kutenda kwawakapupura maVari.

²⁹ Abrahamama akapupura kutenda, uye Mwari vakati, “Ndichakupa chiratidzo zvino chekuti iwe . . . chekuti Ndakugamuchira.” Uye Vakamupa chiratidzo chokudzingiswa.

³⁰ Zvino, paunogamuchira Kristu seMuponesi wako pachako uye uchitenda kwaAri zvino chiMukumbira kuti achenese hupenyu hwako, uye zvararo paAnodzoka neMweya Mutsvene uye okupa chiratidzo cheMweya Mutsvene, zvino unoiswa chisimbiso kusvikira pakudzikinurwa kwako.

³¹ Iri tiroko pano, kana rine zvakaregedzeka . . . Mushure mekunge zvese zvarongedzwa pamwe chete uye vovhara musiuwo iwoyo woiswa chisimbiso pauri, uye ra—raiswa chisimbiso kusvika kwarinogumira, makambani ezvitima vaizokuendesa kujeri kwehupenyu hwose kana ukatyora chisimbiso ichocho. Hazvigoni kutyorwa. Rakaiswa chisimbiso kusvikira kwarinogumira; harisi rekuti munhu wese ari munzira anogona kurizarura otarisa mariri, nekuriongorora nekuripenengura, nekurasira zvimwe zvinhu zvishoma panze, oisa zvimwewo zvinhu mukati. Kwete, kwete!

³² Chechi *iyi* ichati, saka, dzidziso iyoyo, “*Iyi* haina kunaka, *iyoyi* haina kunaka.” Kana Mwari vakupa Mweya Mutsvene, zvaringana! Unoziva paumire, unoziva zvakaitika, uye wakaiswa chisimbiso nzira yose kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwako, magumo ako erwendo rwuno rwepanyika. Oo, ini zvangu! Zvinofanira kuita kuti chero munhu angove nokutenda uye atende Mwari, ongosimuka musimba muMweya Mutsvene.

³³ Zvino, mhandara idzi dzisina kuwana Mweya Mutsvene, (Munorangarira here?) chinhu bedzi chavakange vasina aive mafuta mumarambi avo. Ndizvo here? Bhaibheri rakati *mafuta* anomiririra “Mweya Mutsvene,” ndicho chikonzero

tichizodza vanorwara nemafuta, nezvimwe zvakadaro, nokuti mucherechedzo weMweya Mutsvene. Zvino, uyezve kana—kana Mweya Mutsvene usina kuuya pamusoro pavo, vaive vasinaWo. Uye zvakare paAkauya, vakati . . . Zvino, kumhandara dzakanga dzine mafuta, vakati . . .

34 Munoono, vakanga vari imomo muzera rechechi; pakanga paine vamwe vavo vaivemo vaive vanhu vakanaka asi vaive vasiri muChiedza chenyeredzi, zvandiri kureva, netambo yerambi yakanyikwa mumafuta. Munoono, uye yakanga iri kunze. Chakanga chadzima, vakanga vazvipatsanura. Pauro akati, muzuva rake, “Vakazvipatsanura nesu, vachiita sokunge vasina kutenda.” Munoono, uye vakabva pavari, “Vakaenda vachibva kwatiri nokuti vakanga vasiri vedu.” Zvino, zvakatangira muzera rekutanga iroro reEfeso uye ndokuuya zasi kupinda muzera rino nhasi. Chinhu chimwe chete, rimwe nerimwe remazera iwayo, zvakaitika maari zvapakapfuurira zvichipinda mumazera aya zasi kuno. Tichapinda mune izvozvo zvakadzika munguva pfupi.

35 Zvino, cherechedzai kuti mhandara iyi, zvakadaro, yakapinda maiva nokuchema, kuungudza, nokugeda-geda kwemeni.

36 Rega nditaure izvi, shamwari yangu inokosha inodikanwa; nokuti kazhinji pachechi pano, pandinouya pano, ndinongouya pano ndova neshumiro yokunamatira vanorwara uye ndonamatira vanorwara, uye nekunze uko munyika kune imwe nzvimbo. Asi ino ndiyo nguva, yandanga ndichikuudza kwenguva refu, dzikamisa hana yako. Zvino tinoda—tinoda kuuya uye tive takatendeka uye vechokwadi mumwe kune mumwe, nekuti tiri muzuva rekupedzisira. Hongu!

37 Zvino, ndipo apo imi maNazarene nemaPilgrim Holiness anokosha muri pasi pekucheneswa makakundikira. Maona? Zvino, munoziva here kuti Judhasi Isikarioti akararama kusvika panzvimbo imwe chete iyoyo? Judhasi akatenda kuna Ishe Jesu seMuponesi, akaMugamuchira seMuponesi. Uye iyewo akacheneswa. Akacheneswa, muna Johane 17:17, Jesu paakati, “Baba, vachenesei kubudikidza neZvokwadi, Shoko reNyuu iZvokwadi.” Uye Aiva Shoko. Zvakanaka!

38 Muna Mateo 10, vakapihwa simba rokuporesa vanorwara, kumutsa vakafa, kudzinga madhimoni. Zvino vakabuda ndokuenda kumativi ose e—enyika vakadzinga madhimoni, ndokudzoka nomufaro nokudanidzira nokurumbidza Mwari. Zvino Jesu akavaudza kuti, “Musafara nekuti madhimoni anozviisa pasi penyu, asi farai nokuti mazita enyu ari muBhuku roHupenyu.” Ndizvozvo here? Uye naJudhasi akanga ainavo, Judhasi akanga ainavo, asi rakanga riri gore nemwedzi mitanhatu Jesu asati amborovererwa pamuchinjikwa.

³⁹ Zvino, pazvakasvika Pentekosti, kuti Judhasi agamuchire Mweya Mutsvene nezvimwe zvakadaro, akaratiidza ruvara rwake. A—akaramba Jesu, uye akava mutengesi kwaAri. Zvino ndipo chaipo pakauya mweya iwoyo; uchikwidza uchipfuura chaimo nemuna Luther, Wesley, ukaunza chechi iyoyo kusvika pakucheneswa nehupenyu hwemhandara (vanhu vasina zvinosvibisa, vakachena, vatsvene, vakanaka, vakanakisa kwazvo vawati wakambosangana navo), asi kana zvasvika paku... pavanotanga kutaura nendimi nekugamuchira Mweya Mutsvene, veNazarene, Pilgrim Holiness, Free Methodisti, vanobva vati, “Ndidhiyabhore.” Uye ipapo chaipo ndipo paunomhura Mweya Mutsvene uye wobva wazvivharira kunze zvachose; “Nekuti ani naani unotaura shoko rinopikisa Mwanakomana wemunhu uchakanganwirwa, asi ani naani unotaura achipikisa Mweya Mutsvene haazombokanganwirwi.”

⁴⁰ Rangarirai, vadzidzi vose vakataura nendimi. Jesu Kristu akafa pamuchinjikwa, achitaura nendimi. Uh-hum. Saka kana usingakwanise kushanda navo pano, kuva nehushamwari navo pano, ko kuzoti ikoko uko? Kwavari... Kana ava vari madhimoni, saka naivowo. Saka munooona here apo payakaratiidza ruvara rwayo? Heyo mhandara iya ichiuya, yakachena sevamwe vose, hupenyu husina chinosvibisa. Ndichatora machechi eNazarene, Pilgrim Holiness vechinyakare, vainyatsotenda chaizvo mukucheneswa, haugone kuisa munwe pahupenyu hwavo; vakachena sezvavanogona. Chinhu chakanaka kuti tose tirame saizvozvo. Ndizvozvo, unofanira kudaro.

⁴¹ Zvino, tinoziva kuti tine vakawanda mumaPentekosti sevatevedzeri. Ichokwadi. Asi chero chete ukaona dhora renhema, unoziva kuti rakagadzirwa richibva pane rakanaka, remazvirokwazvo. Ndizvozvo. Uye kune—kune Mweya Mutsvene wemazvirokwazvo, wemazvirokwazvo unotaura nendimi uchiratiidza zviratiidzo nezvishamiso, uye wagara uriko kubva paPentekosti zvichidzika. Saka tinofanira kuva nevatevedzeri. Tinofanira kuva nemukadzi akaipa asina kunaka, kuita kuti mukadzi chaiye apenyu. Tinofanira kuva nenguva yehusiku, rima dema, kuratiidza kuti chiezva chezuva chinobwinya. Ndizvozvo chaizvo. Uye unofanira kurwara, kuti unakidzwe nehutano hwakanaka. Uye murairo wezvakanaka nezvakaipa; uye ndizvo—uye ndizvo zvazvagara zviri, uye zvichagara zvakadaro, chero nguva iripo.

Zvino, saka, ndipo apo chechi yakazvisimudzira.

⁴² Zvino, Jesu haana kutaura here kuti “Muzuva rekupedzisira,” muna Mateo 24, “kuti mweya miviri iyi ichange iri pedyo nepedyo zvakananyanya kusvikira yaizonyengera Vasanganurwa chaivo dai zvaibvira”? Uh-hum. Asi iye uyo akasarudzwa kubva pamavambo enyika ane Hupenyu Husingaperi. Hupenyu Husingaperi, haukwanise kuHubvisa.

Ndewe Ziyendanakuenda sezviri Mwari, haungagone kurega kuvapo saMwari vasingarege kuvapo. Ndizvozo. Nokuti uri chikamu chaMwari, uri mwanakomana nemwanasikana waMwari, hupenyu hwako hwakashandurwa uye uri chikamu chaMwari, une Hupenyu Husingaperi. Oo, ndinoVada. Hamudaro here?

⁴³ Zvino, mumwe munhu akandipa chinyorwa pano, ungori mubvunzo mudiki. Hatizotore nguva yakawandisa zvino kuupindura. Uye rangarirai, pese paunoisa mubvunzo mudiki pano, ndichaedza nepandinogonesesa napo kuti ndisvike kwauri kana ndichikwanisa. Asi uyu wanga uri mubvunzo wakakosha:

Mumwe aida kuziva kana zvainge zvakaipa kuti vakadzi vapupure, kana kuimba, kana kupa mashoko nendimi, kududzira mashoko, kana kuporofita, muchechi.

⁴⁴ Kwete, hazvina kuipa, zviri . . . chero zviri kuuya panzvimbo muhurongwa. Maona? Chechi iri muhurongwa, uye chete apo . . . Nzira chaiyo, yechokwadi yekuzviita ndeye avo vanotaura nendimi nezvinhu, mashoko avo anopihwa nguva yemharidzo isati yasvika kubva papurupiti, kwete zvachose panguva iyoyo; nokuti Mweya Mutsvene uri kufamba uchingobva panzvimbo imwe chete panguva, sezvakataurwa naPauro ipapo. Asi madzimai vane chipo chokuporofita, uye vane chipo chendimi nokududzira, uye nezvimwe zvose kunze kwokuva vaparidzi. Havafaniri kuva vaparidzi. Vanorambidzwa kuparidza mumachechi, ndizvozo, kutora nzvimbo, kana kuva mudzidzisi kana chimwe chinhu muchechi. Asi kana zviri zvezvipo, mudzimai ane zvose izvozvo, anogona kuva nechimwe kana chero chimwe chezvipo zvemweya zvopfumbamwe izvozvo maererano neVaKorinde Vokutanga 12, uye haana kusungwa kuti shoko rake rirege kuuya panzvimbo yaro. Munoono, shoko rimwe nerimwe rinomirira nguva yaro.

⁴⁵ “Kana paine mumwe anotaura nendimi, pasina anodudzira, ngaanyarare kusvikira pave nemududziri.” Maona? Uye mashoko aya anopihwa, kazhinji, musangano usati watanga, zvino muporofita, kana, muparidzi, anova muporofita weTestamende Itsva, muparidzi, paanouya Mwari vanotanga kufamba nemaari iye, munoono, zvino kana apedza zvino mashoko anotanga, rimwewo, zvino zvisati, zvinogara zviri muhurongwa, nguva dzose; asi mudzimai ane kodzero.

⁴⁶ Unotevera, ndinongoda, kutorei kanguva pakupindura uyu, ndichaverenga musoro wenyaya:

KUDUDZIRWA KWEBHAIBHERI RIMWE
NEZVITENDERO ZVITATU KWOTANGA. Washington,
Gumiguru 15. Nyanzvi dzedzidzo dzechikatorike,
Protestanti nedzechiJudha dzinoshanda pamwe seboka
dzakatanga dudziro itsva yemubatanidzwa yeMagwaro iro

ringaratidza kuva bhuku reBhaibheri ranga rakamirirwa kwenguva refu.

⁴⁷ Zvimwewo zvinhu zviri umu zvandingada kudzidza zvisihoma ndisati ndaita chiziviso chazvo. Nemamwe mazwi, munoono chaizvoizvo zvatiri kutaura nezvazvo, izvo chaizvo zvinotaurwa neGwaro kuti zvichaitika mumazuva ano, kuti zvinhu izvi zvichabatana pamwe chete uye zvogadzira mufananidzo wechikara. Ndizvo chaizvo. Vakambozviedza, uye nekushanda pazviri, uye zvino vawana mukana wakanakisa wavati vakambowana wekuriunza, nokuti riri mumaoko avo chaimo. Uye ndicho chikonzero chaicho ndiri kuunza mharidzo idzi dzechiporofita, nekuti ndinofunga kuti dziri munguva yakafanira.

⁴⁸ Uye kana paine ani zvake anogona kudzoka manheru ega-ega, tichaedza kukasika kutanga uye tokasika kubuda. Uye kana ndikasapedza chidzidzo chacho, zvadaro ndichazivisa mangwanani anotevera. Kana tikasapedza zviri muna 19, ndima 9 kusvika 20 manheru ano, tichaitanga mangwanani naten o'clock. Tichakuzivisa panopera shumiro, kuti tinofamba sei.

⁴⁹ Uye zvakare mangwana manheru pachechi yeEfeso, tichitanga, tichienda nemuhusiku hunomwe: Efeso, Zera reChechi yeEfeso; neSmirna; nePergamo; neTiatira; neSadhis; uye Firadherfia; neRaodhikia, Svondo inotevera.

⁵⁰ Uye nokuziva matombo akakosha makuru aya ari zasi munzira, zvakaoma kwazvo kubvisa maoko angu paari kusvikira nguva yacho. Kungoona zasi uko, uye ndichinzwa Mweya uchipa chokudya pakati pevanhu, zvinondiita kuti ndingoda kusvetukiramo nekukurumidza chaiko uye—uye ndotaura chimwe chinhu pamusoro pawo; asi ndinongofanira kuzvidzora uye ndoaisa muzera rawo uye nepanguva yawo. Saka kana ukapotsa kuuya husiku, iva nechokwadi chekutora tepi kana imwe nzira yaungaZvibata nayo, nekuti ndinoda kuti zviende kwese-kwese. Uye ndaita izvi nokuti ndinonzwa kutungamirirwa neMweya Mutsvene kuti ndidaro; ndicho chikonzero chega chandiri kuzviitira. Uye ini, dai ndisina kufunga kuti zvingabatsira chechi... Uye muzuva rino, rangarirai, nguva ichakurumidza kusvika apo patisingazove nemisangano iyi, uye unofanira kuzviita zvino apo tichine nguva yekuzviita. Munoono, hatizivi kuti inguvai yavachamisa izvi, zvino.

⁵¹ Uye saka pachava nekubatana pakati pemachechi uye vachazvibanidza pamwe chete, voumba musoro wemubatanidzwa wemachechi, uyo makatova nechivakwa chikuru cheU.N. uye nesangano rose riri mauri. Uye uchatofanira kunge uri nhengo yemamwe masangano iwayo kana kuti unodzingwa. Uye ndiyo nguva yatinofanira kuratidza mavara edu uye tive nechokwadi chekuti tinoziva,

kwete kufungidzira, asi kuziva ZVANZI NAJEHOVHA pawakamira. Chechi duku yakagara iri muhushoma, iboka duku-duku raka...kashinda kadiki, setambo tsvu—tsvuku inotsvaira nemuBhaibheri, asi iChechi nguva dzose. Uye tinoda kuzvirangarira.

⁵² Zvino chitaurwa chidiki tisati taverenga zvakare. Mangwanani ano tatora Humwari Hwepamusoro-soro hweChizaruro chaJesu Kristu, uyo Mwari vaMuzarura kwatiri mangwanani ano seHumwari Hwepamusoro-soro: NDIRI Mukuru (kwete Ndaive kana kuti ndichave), NDIRI, nguva dzose. Uye tinocheredza muchitsauko 1 chaZvakazarurwa, cheChizaruro...Chiri chizaruro chei? Jesu Kristu. Ndechipi chinhu chekutanga chaAnozvizarura pachaKe pano sacho? Mwari veKudenga. Kwete mwari muhutu, asi Mwari mumwe chete. Mwari mumwe chete, uye AnoZvizarura nenzira iyoyo mukutanga kweZvakazarurwa. Uye vanozvita kana muchitsauko 1 kuitira kuti pasazove nekukanganisa. Chinhu chekutanga chaunofanira kuziva, kuti: haAsi muporofita, haAsi mwari mu—muduku, haAsi mwari wechipiri, Iye ndiMwari! Iye ndiMwari. Saka naizvozvo Chizaruro chakauya, uye tichiri kuenderera mberi naCho manheru ano zvichienda zvichidzika tichiwana hunhu hwaVo hwakapetwa kanomwe hwaVo mbune.

⁵³ Uye, oo, dai Mwari vatibatsira patiri kudzidzisa Mashoko aya. Nda—nda—ndakazvidzidza kubva pamaonero enhoroondo, asi ndinomira kusvikira ndapinda papurupiti pano kuitira kufemerwa. Nokuti ndinonzwa kuti takagara pamwe chete munzvimbo dzoKumatenga muna Kristu Jesu, uye kuti Mweya wenyu, chikamu chako, murazvo weMoto (Mweya Mutsvene) uri pauri unouya kune mumwe, uye nemumwe kune mumwe, Unotungidza Mutumbi mukuru waMwari nokuUpfutisa nemoto, uye ndipo apo zvizaruro... .

⁵⁴ Zvino, chinhu chatiri kutaura nezvacho, mubvunzo uyu wandakabvunzwa, “Vakadzi vanofanira here...nezvimwe zvakadaro?” Ndizvo chaizvo zvakaisa chechi munyonganyonga yayo pakutanga, vakanga vatora ruremekedzo rwose kubva kuungano vakarwisa papurupiti. Asi Mwari ndiMwari weungano. Vanoshanda mumunhu wese, Vanogara mumoyo wese waVanogona kupinda mauri. Vanowana vanhu avo vane zvipo uye voshanda kuburikidza navo. Zvino, kana dhiyabhore akasakwanisa kuvabata pane chimwe chinhu, ipapo anobva auyapo uye ongoita kubatana kukuru kwezvisina maturo zvino obva aparadzana vanhu. Sezvakataurwa naPauro, “Pamunoungana pamwe chete, kana mose muchitaura nendimi, uye asina kudzidza opinda, haangati here, ‘Munopenga! Hupenzi!’? Mumwe munhu achitaura nendimi, uye *izvi* ne*izvi* zviri kunze kwehurongwa, uye nezvinhu zvose, izvozvo hazvishande. Asi,” akati, “zvino kana mumwe akaporofita nokuratidza zvakavanzika zvomoyo, ipapo vachati,

‘Zvechokwadi Mwari vanemi.’” Asi kana mumwe akataura nendimi nechizaruro uye opa dudziro yacho, chimwe chinhu chinosisimudzira chechi, zvino chechi yose inosimudzirwa nazvo. Chimwe chinhu chichataura uye Mwari vachitaura nendimi dzatisingazive nezvadzo uye vachidzipa kune mumwe uye vodudzira nemumwe, uye votaura chimwe chinhu chinoitika nenzira chaiyo yazvinotaurwa, zvadaro mune Mweya waShe pakati penyuu. Uye, oo, ngativavarirei izvozvo, shamwari; ngati—ngatichengetei moto iwoyo uchibvira.

⁵⁵ Zvino, tisati tavhura iro...iri bhuku guru reMagwaro, handizivi kuti zvingava zvakananyanya here kana tikangosimuka toshandura mamiriro edu kwemaminitsi mashoma chete patinenge tichinamata.

⁵⁶ Mwari Samasimba vakamutsazve Ishe Jesu kubva kuvakafa uye vakaMuunza kwatiri (mushure memakore chiuru nemazana mapfumbamwe) saMwari veKudenga vasingakundiki, tinoKutendai nokuda kweizvi uye nokuda kweHupo hwaKe hunesu zuva nezuva mukufamba kwedu kwezuya nezuya. Uye tinofara kwazvo kuziva kuti munguva ino yenyonga-nyonga apo nyika isingazive zvekuita, vari kuchera makomba muvhu, uye vari kuzvichengetedza nekongiri, asi, O Mwari, havagoni kuhwanda kubva kuhasha dzaMwari. Pane mushonga mumwe—mumwe chete, Ishe, uye tinofara kwazvo kuti takaUgamuchira: “Kana Ndikaona Ropa Ndichakudarikai.” Oo, tinofara sei nokuda kweruchengetedzo irworwo rwakazvikwanira muna zvose manheru ano rweRopa reGwayana raMwari, Muprisita Mukuru, amire muKubwinya manheru ano achireverera pamusoro pekupupura kwedu. Tinofara kwazvo kuva naYe pamwe nesu manheru ano, Mutauri mukuru, Mweya Mutsvene mukuru, mupi mukuru wechizoro, mupi mukuru weHupenyu.

⁵⁷ Uye zvino, Ishe Mwari, sezvandadaidza vanhu ava pamwe chete pano pasi pedenga rino manheru ano, uye taungana pano sechechi kana chikamu chayo, hatiungane muzita retabhenakeri ino kana muzita recho mumwewo munhu, asi muZita raJesu Kristu. Regai Mweya waitonga mutumbi waKe nepfungwa dzaKe, uye waiMutungamirira, uye matiri manheru ano uye ugodudzira Shoko nekuparidza Shoko, ugoRipa kumoyo yedu ine nzara apo takamirira paAri. Nokuti tinozvikumbira muZita raKe uye kuitira mbiri yaKe. Amen. (Garai henyu pasi.)

⁵⁸ Zvino kwamuri imi mune maBhaibheri enyu, vhurai kuchitsauko 1 chaZvakazarurwa uye mutangire pandima 9; mapenzura enyu nemapepa, uye ndichaedza kukupai misi midiki nezvimwe zvakadaro pandinenge ndichifambira mberi.

⁵⁹ Zvino, izvi ndizvo chaizvo...Mangwanani ano yanga yakanyanya kuva iri mhando yemharidzo, kuisa hwaro paHumwari, hweChizaruro; Mwari vachizarurwa muna Kristu. Vangani vanoZvitenda? Mwari vakazarurwa muna Kristu,

Jehovha vakazarurwa muna Kristu. Zvino Mwari vachazarurwa kupi? MuChechi yaVo, nevanhu vaVo, matiri. Mweya mumwe chete, mabasa mamwe chete, kuratidzwa kumwe chete, rudo rumwe chete, kukanganwirwa kumwe chete, mwoyo murefu mumwe chete, hunyoro, kutsungirira, rugare, tsitsi, zvose zvaiva muna Kristu zviru muChechi. Rangarirai, chengetai izvi mundangariro: zvose zvaiva Mwari Vakazvidurura muna Kristu (Aiva huzaro weHumwari mumutumbi), uye zvose zvaiva Kristu Akazvidurura muChechi. Mwari vari pamusoro pedu, Mwari vanesu, Mwari vari matiri. Hutatu hwaMwari, Mwari vachiratidzwa muhunhu hutatu hwakasiyana: Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.

⁶⁰ Chizaruro chakaraidza kuti haVasi vanamwari vatatu, kana kuti Vakagurwa kuita zvidimbu zvitatu. Asi ndiVo Mwari vamwe chete vaive Mwari mumazuva eHubaba, Vaive Mwari mumazuva eHumwanakomana, NdiMwari mumazuva emwaka weMweya Mutsvene, Mwari vamwe chete. Kwete vatatu vakasiyana, kwete vanhu vatatu, kwete hunhu hutatu. Ivo Munhu mumwe, hunhu humwe. Haugone kuve nehunhu kunze kwekunge uri munhu. Vamwe vanhu vakati, “HaVasi vanhu vatatu, asi iVo hunhu hutatu.” Haugone kupatsanura izvozvo; nokuti kana Vaine hunhu, Ivo munhu; vanofanira kuva munhu anoita hunhu. Saka Ivo Munhu mumwe chete, hunhu humwe; mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; Arfa, Omega; Uyo akanga aripo, aripo, uye achauya. Oo, Anongova ZVESE. Ndinozvaida izvozvo.

⁶¹ Tarisai hunhu hwaVo, hupenyu hwaVo, mabasa aVo. Zvinofanira kuratidzwa imo muno mutabhenakeri, sezvazvaiva muzuva raKe. (Ndisingatauri izvi nemaonero asiri iwo; Mwari vanozviziva.) Kwete pano chete, asi kwese pasi rose. Ndinofara kuti zvakaaro. Tinobva taziva patakamira nekuti tine Mweya mumwe chete iwoyo matiri, uchifamba nesu uchiratidza kuti Ari pano. Handisu, ndiVo; hatigoni kuita zvinhu izvozvo, ndiMwari. Kunze kwaizvozvo, munyika yezvesainzi, Vakabvumira mufananidzo waVo kuti uturwe. Pamwe nesu, matiri, vakatikomberedza, pamusoro pedu, kubudikidza nesu, vachishanda nematiri uye nekunze kwedu. Oo, zvakanakisa sei!

⁶² Vaiwanzoimba rwiyo rwudiki:

NDIRI akataura naMosesi mugwenzi raipfuta
noMoto,
NDIRI Mwari waAbrahama, Nyamatsatsi
yaMangwanani Inopenya.
NDIRI Ruva reSharoni, oo, munoti Ndakabva
kupi?
Munoziva Baba vaNgu here, kana kuti
munogona here kutaura Zita raVo?

Oo, imi munoti Ndiri ani, kana kuti munoti
 Ndakabva kupi,
 Munoziva Baba vaNgu here, kana kuti
 munogona here kutaura Zita raVo?
 NDIRI Arfa, Omega, wekutanga kubva
 kumagumo,
 NDIRI zvisikwa zvose, uye Jesu ndiro Zita
 racho.

⁶³ Oo, chinoshamisa sei, Chizaruro! Zvino, rangarirai, haukwanise kuChiwana kuburikidza nevadzidzi vebhaibheri, haChiuye nenzira iyoyo. Chinouya chete sechizaruro. Rubhabhatidzo rwemumvura, uchishandisa Zita raJesu Kristu, rwunogona bedzi kupihwa sechizaruro. Jesu naMwari vari Munhu mumwe chete zvinogona chete kuuya sechizaruro. Bhaibheri rose rakavakirwa pachizaruro. Chechi yose yakavakirwa pachizaruro. Mateo 17 inoti, “Nokuti ndati, ‘Pamusoro pedombo iri (chizaruro chemweya) Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaikunde.’” Takadenha chero munhu kuti atiratidze, chero kupi, nhoroono kana Rugwaro, apo pakava nevanhu vakambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene” kunze kwechi yeKatorike kusvikira muzuva raMartin Luther. Zvino chechi yechiProtestanti, yaive . . .

⁶⁴ Uye huipi hwese, teerera, patiri kupinda mumazera echechi, huipi hwese hwaive muchechi yekutanga iyoyo, hwakapfuurira mune inotevera. Hwakangoramba huchienda huchidzika kusvika pakupedzisira hunoguma hwave mukutsauka muzuva rekupedzisira. Huipi hwese hunoramba huchipfuurira mberi muchechi imwe neimwe, kachitevedzwa kaduku kese kakambotanga. Semuna Genesi, muzambiringa, wakatanga kukura, wakaruka nzira yawo nemuchechi uye ndokubuda mumazuva ekupedzisira. Ndosaka Bhaibheri rakati, “Vakaropafadzwa avo vanopunyuka nezva iroro.” Hongu, changamire, vanopunyuka zvinhu zvose izvi.

⁶⁵ Zvino kumbira Mwari kuti . . . patiri kutaura pamusoro peZvakazarurwa, Vakumbire kuti vakupe chizaruro cheIzvi. Nokuti Zvinogona chete kuzivikanwa kubudikidza nechizaruro, uye unogona chete kuponeswa nechizaruro. Une ruvizo nezvaZvo, munjere, asi haugone kuponeswa kusvikira Zvazarurwa kwauri. “Hapana munhu anogona kudaidza Jesu kuti Kristu, kunze bedzi neMweya Mutsvene.” Ndizvo zvinotaura Bhaibheri. Hapana munhu anogona kuti Jesu ndiye Kristu kusvikira agamuchira Mweya Mutsvene. Anogona kuti, “Mufundisi vanotaura kudaro, Bhaibheri rinotaura kudaro.” Izvozvo ichokwadi. “Chechi inotaura kudaro.” Ichokwadi. Asi hauzivi iwe pachako kusvikira Mweya Mutsvene waZvizarura kwauri, uye Iwo wava mauri. “Hapana munhu anogona kudaidza

Jesu kuti Kristu, kunze bedzi neMweya Mutsvene.” Kwete nezivo, kwete nenjere.

⁶⁶ Kuti vachaita sei Bhaibheri kuti...Kuedza kuRisvina, kuRiita kuti rikwane maJudha, maKatorike, nemaProtestanti, ivo vakasiyana semasikati nehusiku. Ndakafunga kuti maJudha vaiziva zviru nani kupfuura izvozvo; ndinofungidzira pamwe ingori nguva yekuti zviuye, kwazvinofanira kuenda zvose mukutsauka kukuru uku. Saka, uye zvinhu zvese ingorangarirai, hatikwanise kuzvimisa, asi chinhu chega chatinogona kuita kukanda Chiedza kunze uko, zvimwe kuzvipa isu seuyo anofira chitendero uye tofamba tichienda, saka ndiyo nzira yega yatingazviita nayo. Asi vazhinji vachafanira kuzviita izvozvo. Uye saka ndiyo nzira iyo Bhaibheri rakagadzirwa uye nezvinhu zvatinopinda nemazviri. Kana ndikasatarisa, ndichapinda mazviri.

⁶⁷ Zvino, chinhu chekutanga muBhuku raZvakazarurwa, rinotanga kuti iRo Chizaruro chaJesusu Kristu, zvaAri. Zvino, Jesu Kristu ndiMwari Samasimba. Tinozviziva izvozvo. Vangani vanozvitenda? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] NdiMwari Samasimba, uye Ane Zita rimwe chete. Zita iroro ndiro zita roga rakapihwa pasi peDenga ramunofanira kuponeswa naro, Jesu Kristu. “Sei vachiRitya padziva?” ndizvo zvandisingagoni kuziva. Uh-huh. Maona? Imhaka yekuti mweya iwoyo wakaverevedza uchipinda kumashure uko muZera reSmirna; ndokuzviruka uchidzika zasi chaiko nemuzera guru iroro rerima, ndokuzviita dzidziso, ndokubuda nazvo muzuva rino rokupedzisira. Zvino, chingotarisa nhoroondo pamwe neBhaibheri patiri kufamba nemazviri vhihi rino, kuti zvino—kuti zvinozvibuditsa sei zvinhu izvozvo kunze.

⁶⁸ Zvino chinhu chinotevera. Chakapihwa naKristu kuna Johane, kubudikidza nengirozi, kuti chipiwe kune waKe (ani?) machechi, kuZvizarura kumachechi aKe. Uye nyeredzi nomwe muruoko rwaKe vakanga vari vatumwa vanomwe vechechi nomwe. Uye munhu wose achazombova neMharidzo, achava nayo, Mharidzo imwe chete yechokwadi yakatangira pamavambo.

⁶⁹ Uye nezvimwezve, kana tadzika zasi munzvimbo dzakadzika imomo, toona kuti Mwari vakafambisa sei zvinhu izvi mukati, zvinoshamisa. Zvinongokuita kuti udanidzire. Ndaiti, ndichizviverenga, zvino ipapo ndombofambafamba kwekanguva ndochema, ndofamba ndichidzokera ndonogara pasi zvakare, ndobva ndafamba-famba kwekanguva. Ndichingofara chaizvo kuziva kuti: Ko Mwari vakambotiitira tsitsi sei kuti tione chinhu ichocho munguva yatiri kurarama mairi? Nhai, zvakafanana nekuti Jesu akati, “Mumwe murume akatengesa zvose zvaiva nazvo kuti atenge rimwe dhaimani.” Unotengesa kunyika, zvinhu zvenyika, nezvose zvine chokuita nechinhu chipi zvacho, kuti uve nelzvi. Ndizvozvo, isa hoko yako

yose chaipo pane Izvozvo. Ndiyo hoko yemweya kuona chizaruro chaKe cheShoko raKe.

⁷⁰ Zvino, ani naani anoRiverenga anoropafadzwa. Ndizvo here? Uye tati mangwanani ano, kana usingagoni kuverenga, ani naani anoRinzwa richiverengwa, anoropafadzwa. Zvino, Rinotanga neropafadzo kune avo vanozogara uye vachiRiteerera richiverengwa, uye chituko pana ani zvake achaedza kuwedzera chimwe chinhu paRiri kana kubvisa chero chinhu paRiri. Zvino kana Bhaibheri richizarura zviri pachena kuti Jesu akanga ari Mwari Samasimba, saka nhamo kuna iyeye achazvibvisa kubva ipapo. Hongu. Chizaruro. Ani naani anowedzera chero chinhu. . . Ndiro bhuku rakakwana re—reZvakazarurwa; ndiro Bhuku raMwari rokupedzisira, Mashoko aVo ekupedzisira, aVo ekupe- . . . Uye chero chizaruro chipi chinouya chichipesana naRo, ndeche chiporofita chenhema; hachisi Mwari, nokuti ichi iChokwadi.

⁷¹ Uye, rangarirai, iri ndiro bhuku roga muBhaibheri rakatsigirwa naKristu, pachaKe. Pafungei! Bhuku rega, ndiro chizaruro chaiye pachaKe. Bhuku rega raAkaisa chisimbiso chaKe pariri, uye akaisa maropafadzo aKe nezvituko zvaKe. Maropafadzo kune avo vanoRigamuchira, kutukwa kune avo vasingaRigamuchire.

⁷² Zvino—zvino tasvika pachitsuwa chePatimosi zvino kuti titange, ndima 9. Pakutanga, tinoda kutaura kuti ndiwo. . . Musoro wenyaya weizvi ndiwo unoti: *Chiratidzo chepaPatimosi*. Zvakaitika muna A.D., pakati paA.D. 95 ne 96. Nzvimbo yacho yakanga iri pachitsuwa chePatimosi. Nzvimbo yacho iri mamaira makumi matatu kubva kumahombekombe eAsia Minor, kumadokero, kwakatarisana nechechi yeEfeso, muGungwa reAegean rakaganhurana neMediterranean. Ndiyo nzvimbo yairi.

⁷³ Fungai! Zvino, chitsuwa chidiki chiri mamaira makumi matatu kubva kumahombekombe eAsia Minor, muGungwa reAegean. Chakatarisana nechechi yeFiradher- . . . kana chechi yeEfeso, kwakapiwa Mharidzo yokutanga, uko Johane aive mufundisi panguva iyoyo. Nemanwe mazwi, akatarisa kumashure chaiko kumabvazuva zvino ainge akatarisa kuchechechi yake, kubva paakanga ari. Zvino Mharidzo yekutanga yaive yekuchechechi yake, yaimiririra zera rechechi. Zvakanaka, chiratidzo chakapihwa kuna Mutsvene Johane wemweya, aive mufundisi wechechi yepaEfeso panguva iyoyo.

⁷⁴ Saka chitsuwa ichi chakanga chiri muchinhano chakaita sei? Chakanga chiri kupi, uye muchinhano chipi? Zvakanaka, chinozivikanwa munhoroono sechitsuwa chine matombo azere nenyoka, zvinyavada, madzvinyu, nezvimwe zvakadaro. Chakakura mamaira makumi matatu kuchitenderedza, uye chizere nematombo. Chaishandiswa, mumazuva aJohane,

seAlcatraz. Nzvimbo iyo humambo hwamambo weRoma hwaidzingira vaityora mitemo, vapari vemhosva chaivo vakaiipa, zvekuti vaisakwanisa kuvachengeta mujeri nezvimwe zvakadaro, vaizovaisa kunze uko pachitsuwa ichocho kuti vafe; vovagarisako kusvikira vafa.

⁷⁵ Mubvunzo: Chikonzero nei Johane aiveko? Murume ane humwari, murume akarurama, murume ane mukurumbira wakanaka, hunhu hwakanaka, asina kumbopinda mudambudziko, ko sei murume uyu akanga ari ipapo? Bhaibheri rakati, “Nokuda kweShoko raMwari uye nehuchapupu hwaJesu Kristu.”

⁷⁶ Zvino tawana mamiriro acho. Chitsuwa chePatimosi, muGungwa reAegean, mamaira makumi matatu kubva kumahombekombe, anenge mamaira makumi matatu kuchitenderedza, chizere matombo, chizere nemadzvinyu nezvinyavada nezvimwe zvakadaro, uye chaishandiswa semba yejeri (sezviri Alcatraz). Vakawana musungwa wavasingagoni kuchengeta mujeri muno, ivo . . .saka munhu anotyora mutemo anotyisa kwazvo, vaimuisa kunze paAlcatraz.

⁷⁷ Uye zvino vakatora uyu mutsvene Johane wemweya . . . wekupedzisira wevadzidzi, uye mumwe oga akafa rufu rwemazuva ese. Johane, asati aenda kuchitsuwa, akapomerwa kuva “muroyi,” uye akafashaidzwa mudhiramu remafuta kwemaawa makumi maviri nemana, akasamupisa. Haugone kufashaidza Mweya Mutsvene kubva mumunhu . . .? . . . Vakamufashaidza kwemaawa makumi maviri nemana mudhiramu mafuta, haana kana kumbokuvadza. Uye vakati, chikonzero va—vaRoma vakapa, ndechokuti, “Akanga ari muroyi, uye akaroya mafuta.” Zvinogona kufungwa nepfungwa dzenyama! Zvino, munoona, pavanotidaidza kuti “vaverengi vepfungwa, nevauki, naBherizebhabhu,” munoona here kwakabva mweya uya wekare? Asi munoona here kwakabva Mweya wechokwadi? Mazera echechi. Maona? Maawa makumi maviri nemana, akafashaidzwa mumafuta anopisa, aitutuma, uye haana kana kumbomubata. Oo, Mwari vakamuchengetedza sei maVari neMweya waVo Mutsvene. Basa rake rakanga risati rapera.

⁷⁸ Vakamuisa pachitsuwa kwemakore maviri. Zvino Mwari pavakanga vamuisa kunze uko ega ari oga, akanyora Bhuku raZvakazarurwa sokuzvizarurirwa kwaakaitwa neMutumwa waJehovha kwaari. Uye zvakare izvi pazvakangopera, akadzokera kunyika yokumusha kwake ndokufudza chechi yemuEfeso. Uye akafa akavigwa muEfeso, Johane wemweya.

⁷⁹ Oo, mamiriro akadini zvino! Zvakanaka, chechi panguva iyoyo iri pasi paJohane, kana kuti pasi pekutambudzwa kukuru, Johane anonyora ndima 9:

Ini Johane, uyo anove hama yenyuwo... mukutambu... uye muwadzani mumatambudziko, nemuhushhe nomukutsungirira kwa Jesu Kristu, ndakanga ndiri pachitsuwa chinonzi Patimosi, nokuda kweshoko ra Mwari, nekwokupupura Jesu Kristu.

80 Nemamwe mashoko, akatora Shoko ra Mwari uye akanga achiri Ratidza, kuti Rakanga riri Shoko ra Mwari, uye Kristu akadzoka nemaari uye akapupura kuti zvaaitaura zvakanga zvirizvo. Hezvoka izvo. Shoko ra Mwari richiratidzwa maari, zvichiratidza kuti aive muranda wa Mwari. Zvino havana kukwanisa kuZviramba, saka vakatozomuudza kuti aive “muroyi.” “Akaroya mafuta uye akasamukuvadza, uye akaroya vanhu uye havana kuporeswa, uye akanga ari muuki akanga asingagoni... Imwe mhando yemunhu akaipa, wakaipa mwe-... mweya wakaipa.” Uye ndicho chikonzero vakamuisa kunze uko, vakafunga kuti aiva nenjodzi kuva pakati peruzhinji. Asi aingoita kuda kwa Mwari chete, uye Mwari vaiva nechinangwa pasi pechinhanho chose ichocho.

81 Havana kukwanisa kumushandisa, uye nekutambudzwa kwose nezvinhu, nokuti vatsvene vaiuya, “Oo, Hama Johane, tichaitei pamusoro peizvi? Uye tichaitei?”

82 Johane aive muporofita, tinozviziva izvozvo. Uye saka vaibvunza mibvunzo iyi, saka Mwari vakangoita kuti Humambo hweRoma humunhonge uye humugarise kunze uko pachitsuwa. Ndokuti, “Zvino, huya, Johane, Ndinoda kukuratidza chimwe chinhu chichaitika.” Wekupedzisira wevaapostora, pakanga pasisina mumwe anoZvinyora kunze kwa Johane. Saka vakamuisa kunze pachitsuwa chePatimosi kubva muna A.D. 95 kusvika muna A.D. 96. Uye akaZvinyora, uye akati:

Ini... ndiri hama yenyu, nomuwadzani pakutambudzika,...

83 Zvino, haana kutaura nezveKutambudzika Kukuru. Ikoko kwakanga kusiri Kutambudzika Kukuru, uye hakuuyi kuChechi. Kutambudzika Kukuru kunouya kumuJudha, kwete kuChechi. Saka kwaisava Kutambudzika, Kutambudzika Kukuru.

84 Zvino ndima 10:

Ndakanga ndiri muMweya pazuva raShe, ndikanzwa shure kwangu... izwi, ... rehwamanda,

ndakanga ndiri muMweya nezwa raShe,...

85 Zvino, hapana chakanaka chaungaite kusvikira watanga wapinda muMweya; Mwari havagoni kukushandisa. Uri—uri—uri—uri... Kuedza kwako kwese ha—hakuna maturo kusvikira watanga kuzviita muMweya. “Kana ndikaimba, ndichaimba muMweya. Kana ndikanamata,” akadaro Pauro, “ndichanamata muMweya.” Uye zvakare kana paine chero chinhu chinouya kwandiri chakanaka, chinofanira kuzarurwa

kwandiri neMweya nekusimbiswa neShoko (rakaratiidzwa nezvibereko zvarinobereka).

⁸⁶ Zvino sezvakaita, mamwe manzwi, kana ndikati, Jesu Kristu akavimbisa muShoko raKe kuti kana ndikatendeuka, ndobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, ndichagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Chinhu chekutanga chandinofanira kuita kutendeuka. Zvakazarurwa kwandiri kuti ichokwadi. Zvino ndobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, zvino mhedzisiro yavzo inoti: ndichagamuchira Mweya Mutsvene.

⁸⁷ Kana ndichirwara, uye Akandivimbisa kana ndaizotenda uye ndoita kuti vakuru vechечи vandizodze nemafuta, vondinyengerera, munamato wekutenda uchaponesa vanorwara. “Ishe, ndinotenda. Ndinotevera mirairo yeNyu, mukuru ngaandinamatire, ondizodza nemafuta.” Zvatoringana, chingopfuurira mberi, zvese izvozvo—zvese izvozvo zvatopera.

⁸⁸ “Oo,” unoti, iwe “hausi kunzwa chero mutsauko, zvakadaro.” Jesu haana kuzvarwa, Mwari paVakaMuuraya nyika isati yavambwa, paAkanga ari—Akanga ari Gwayana raMwari, rakaurayiwa nyika isati yavambwa. Asi mupfungwa dzaMwari pachaVo, Akanga atonzwarwo. Neniwo ndakange ndisati ndavepo nenguva iyoyo, kana newewo; asi mubhuku raMwari, kana mazita edu akambova imomo, rakaiswa nyika isati yavambwa.

⁸⁹ Kana Mwari vakataura chero chinhu, Chinofanira kuitika. Saka kana uchinge wazadzisa zvinodiwa naMwari, chingorangarira, Mwari vachaZviratidza nekugadzirisa zvimwe zvacho zvese, iwe chingopfuurira mberi, ibasa rakapedzwa. Oo, hazvina kunaka here? Oo, ini zvangu, fungai! Ingoudza Mwari. . . Uye Mwari vakati, “Iwe ita *izvi*, uye Ndichaita *izvi*.” Saka, kana ndikaenda kunoita *izvi*, Vanofanira kuita *izvo*.

⁹⁰ Zvino, dhiyahhore anoti, “Munoona, Anonoka.”

Hazvina kana nemutsauko wazvinoita. Dhanieri akanamata imwe nguva uye kwakave nemazuva makumi maviri nerimwe Mutumwa asati asvika kwaari, asi haana kuodzwa mwoyo, aiziva kuti Aizouya zvakadaro, saka akangomirira kusvikira Asvikako. Ndiyo pfungwa yacho. Oo, ndipo paunenge uchiwana kutenda. Zvino tinofanira kubva pane izvozvo, tichazova neshumiro yekunamatira vanorwara nokukurumidza chaiko, hatingadaro here? Ndizvozvo. Hongu, yekutenda. Asi tinoda shumiro yekupodza munhu wemukati, yekupodza mukati, nokuti ndizvo zvichagara, unowana Hupenyu Husingaperi. Hupenyu Husingaperi hautsakatiki kana kuchembera, hunogara, hunoramba hwakadaro.

⁹¹ Zvino, akapinda muMweya pasati paitika chero chimwe chinhu. Chinhu chokutanga chaakaita, akanga ari pachitsuwa chinonzi Patimosi (zvinhu zvose izvi zvaakanga aita), uye akati, “Ndakanzwa Izwi,” nezvimwe zvinhu zvose izvi. Asi pasati pava

nechero chinhu chakaitika, akange ari muMweya. Uye kana ukazvicherechedza muBhaibheri rako, vara guru Mweya, Mweya Mutsvene. Amen! Akapinda muMweya. Oo, ndinongofunga kuti zvakaisvonakisa:

Ndakanga ndiri muMweya nezuya raShe, . . .

⁹² Zuva ripi? Zuva raShe. Zvino, pane hurukuro huru. Ngatingozvinyaradzai izvozvo, kweminiti chete.

⁹³ Zvino, sezvatataura mangwanani ano, vamwe vakataura kuti chizaruro, chaMateo 17, chaiva “Petro.” Chechi yeKatorike yakati, “Akavakira Chechi yaKe pana Petro; ndiye aive papa wekutanga.” Ko aigove sei papa uye akarooro? Maona? Ndokuti, “Petro akaenda kuRome, akavigwa ikoko.” Zvino ndiudze nzvimbo imwe chete, nhorooondo kana chero kupi zvako, uko Petro akamboenda kuRome. Maona? Pauro akadaro, asi kwete Petro. Zvakanaka.

⁹⁴ Saka tinoona kuti zvitevedzwa zvose izvi nezvinhu, zvichangobva kuverevenda zvichipinda. Maona? Asi, uye vanhu nhasi vari . . . kwese kwaunoenda, ivo . . . Imwe chechi huru ine chimwe chipikiri chaive muruoko rwaKe. Munoziva kuti vane zvipikiri zvingani, zvipikiri zvezmazvirokwazvo, nhasi zvanga zviri mu . . . ? Gumi nepfumbamwe. Vane mapfupa, vane—vane zvibenga zvenguwo, uye nekugunzva nekubata. Uye isu hati—hatina zvinhu izvozvo, hatidi izvozvo. Kristu mupenyu! Ari matiri, kwete chimwe chipikiri, kana chidimbu chemuchinjikwa, kana chimedu chebvupa, kana chimwe chinhu. NdiMwari mupenyu, ari kugara matiri zvino, achiZviratidza. Tinongova nechiiito chimwe chete cherangaridzo, ndicho Chirairo chaShe, kurangarira rufu rwaKe. Asi kana ari Kristu pachaKe, Anesu uye ari matiri. Uye ndicho chinhu chatinoda kuzunguza (kubwinya kweMweya Mutsvene) kunyika. KuKuzunguza kusvikira Chiedza chabuda kunze. Zvakanaka.

⁹⁵ Zvino, iyo . . . Saka, munoona, takatora rumwe rutivi rwacho rwemugwagwa. Munoziva ndagara ndichiedza kuva izvi, uye Ishe vedu vakagara vachizvizarurira kwandiri; pane kumwe kwakanyanyisa, uye nekumwe kwakanyanyisa, asi pakati pemugwagwa chaipo ndipo pane Chokwadi. Macherchedza here Isaya, paAkataura kuti kuchava nemugwagwa mukuru? Isaya 35. Uye munorangarira here kuimba kwaiita hama dzedu dzinokosha dzechiNazarene, munoziva, “*Mugwagwa mukuru weHutsvene. Mugwagwa mukuru weHutsvene.*” Zvino, kana ukaverenga Bhaibheri rako zvakanaka, haritauri kuti “mugwagwa mukuru wehutsvene.” Rakati, “Pachava nomugwagwa mukuru *nenzira*, uye ichanzi,” kwete mugwagwa mukuru wehutsvene, asi “*nzira youtsvene.*” Uye chibatidzo chinopedzisa chirevo chako. Maona? “Uchava mugwagwa mukuru *nenzira*, uye ichanzi *nzira* yehutsvene,” kwete mugwagwa mukuru wehutsvene.

⁹⁶ Munoono, mugwagwa wakagadzirwa, *nzira*...Mugwagwa wakanaka unovakwa, chikamu chepakati chiri pamusoro, nekuti unosiya marara ese achinorasikira kumativi ese maviri. Ndizvozvo. Kana munhu anyatsouya kuna Kristu, ane maziso ake akanangiswa pana Kristu. Kana aine manyawi zvishoma, anova mupengereki. Kana akatonhora zvishoma, anoenda kune rimwe divi racho uye ongova gaka, uko kune rimwe divi; munoono, njere dzake. Asi chinhu chikuru chiri chaipo pakati penzira, uine Mweya wakakwana mauri, kukuchengeta uchidziya uye uchifamba. Amen! Uye nokuziva zvakakwana kuti uzvichengete uri pasi pekuteerera kuMweya, uchifamba sekungofamba kunoita Mweya; kwete kusvikira kana kwete mushure, sekungofamba kunoita Mweya.

⁹⁷ Chechi yeKatorike yakati, “Chizaruro chaiva Petro.”

Chechi yechiProtestanti yakati, “Aiva Kristu.”

Asi Bhaibheri rinodzidzisa kuti, “Chakanga chiri Chizaruro chaVakapa (Mwari chavakamupa) chaKristu.”

“Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

“Wakaropafadzwa iwe Simoni, mwanakomana waJonasi, nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi, hakuna munhu, seminari, kana imba yehugari hwevaprisita, chero chinhu, chakaZvidzidzisa kwauri. Asi Baba vaNgu vari kudenga vazarura izvi kwauri. Ndiwe Petro, padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkundi.”

⁹⁸ Zvino tasvika pane imwe nzvimbo pano apo pavanowana pfungwa mbiri dzakasiyana. Zvino, ndinogona kunge ndiri kukanganisa; kana ndiri kudaro, Mwari ngavandiregerere. Asi ndichapesana neveSeventh-day Adventisti vanotaura kuti, “Rakanga riri zuva rechinomwe raakanga ari, zuva raShe.” Hama dzeSeventh-day Adventisti, nevazhinji vavo, vanoti raive zuva resabata raakadana kuti izuva raShe. Chechi yeChikristu inoridaidza kuti, zuva raShe, “Svo—Svondo, zuva rokutanga.” Uye tinocherechedza kakawanda kuti—kuti chechi yeChikristu nazvino, nhasi, vanhu vechiProtestanti, vanotaura nezvaro se “Zuva raShe, Svondo.” Izvozvo hazvisi mumagwaro. Svondo rakanga riri zuva rokutanga revhiki muBhaibheri, kwete zuva raShe. Uye raisava riri zuva rechinomwe, sabata. Zvinenge zvisingabviri kuti rive rimwe ramazuva iwayo nokuti zvakatorera Johane makore maviri kunyora Zvakazarurwa. Raiva zuva ripi? Panozenge paine akawanda emazuva echinomwe iwayo uye nemazuva ekutanga anopfura.

⁹⁹ Bhaibheri, Zvakazarurwa yakanyorwa kubva muna A.D. 95 kusvika 96, makore maviri. Rakanga riri zuva raShe. Zuva raShe ndizvo chaizvo zvarakataura, uye ndizvo zvarakanga riri. Johane akatakurwa muMweya achipinda muzuva raShe. Rino ndiro zuva remunhu, asi zuva raJehovha richauya.

Tichidzika nemuMagwaro tinoona kuti aive muzuva raShe, akatakurwa muMweya uye akaendeswa kuzuva raShe. Amenii! Ndizvozvo. Munoono, akanga ari muzuva raShe. Bhaibheri rinotaura nezvezuva raShe. Tichasvika kwazviri munguva shoma, Magwaro mazhinji.

¹⁰⁰ Chinhu chekutanga, zuva resabata, tichitaura nezvaro, zuva resabata hakusi kuchengeta rimwe zuva. Hatina murairo wekuchengeta Mugovera sesabata. Hatina murairo wekuchengeta zuva rekutanga sesabata, muTestamende Itsva. Bhaibheri rakati, muna VaHebheru chitsauko 4, “Dai Jesu ainge akavapa zororo, haAizotaura here pashure nezve rimwe zuva.” Ndizvozvo. Asi kunosara kuine zororo, kana kuchengeta sabata, kuvanhu vaMwari. Nekuti nesu vakatendawo, zvakare, takapinda muzororo raKe; tinorega mabasa edu sezvakaita Mwari kubva kune aVo.

¹⁰¹ Tarirai! Oo! Ishe ngaVarumbidzwe. Ndiri kungobva ndanzwa zvakanaka kwazvo, ndinoenda mberi kwangu.

¹⁰² Cherechedzai, muzuva resabata. Mwari vakagadzira nyika mumazuva matanhatu, uye nezuva rechinomwe Vakapinda muzororo uye havana kuzodzoka zvachose kuzovaka zvakare dzinyika. Ndokubva Vaipa kuvanhu sechirangaridzo. Nokuti haugoni kuichengeta zvino, nokuti paunenge uichengeta sabata pano, kune rimwe divi renyika iSvondo ipapo zvakare. Maona? Saka yakaratidza kuti yaiva yevanhu, chikamu nenguva zveIsraeri. Asi zvino kunosara kuine kuchengetwa kwesabata kune vanhu vaMwari.

Nokuti isu avo...vakatenda kupinda muzororo raKe,...kunyange mabasa... (Ndiri kutora VaHebheru, chitsauko 4) ...kunyangwe mabasa akange akwaniswa kubva pakuvambwa kwenyika.

Nekuti wakataura pane imwe nzvimbo...nenzira iyi,...zuva rechinomwe...

Uye zvakare, akatema *rimwe zuva*, achiti muna *Dhavhidhi*,... (imi munozvinyora pasi, vaHebheru 4)

Zvakare, akatema *rimwe zuva*, achiti muna *Dhavhidhi*, *Nhasi*, mushure *menguva* refu *yakadai*; zvinonzwika, Kana imi *muchinzwa*...kana *akati*, Kana imi *muchinzwa inzwi rake*, *musaomesa* moyo wenyu.

Nokuti dai Jesu akanga avapa zororo, (zuva)... haaizoreva here pashure nezve rimwe zuva.

Asi kwasara...zororo (kana kuchengeta sabata)...

¹⁰³ Shoko rekuti “zororo.” *Sabata* ishoko risina kujairika kwatiri, rinoreva “zororo.” Izwi rechiHebheru rinoreva kuti zuva re “zororo,” zuva resabata; usashande, zorora.

Nokuti dai Jesu akanga avapa zororo,...angadai asina here...kunge akareva nezve rimwe zuva.

Asi kwasara...zororo (kana kuchengeta sabata) kuvanhu vaMwari.

Nekuti isu takapinda muzororo rake,...tinosiya edu...mabasa, sezvakaite Mwari kubva pane ake.

¹⁰⁴ Hatife takadzokera kwariri pazuva rinotevera revhiki uye toritanga zvakare, takapinda muZororo. Jesu achitaura pamusoro pezviropafadzo, Akati, “Makavanzwa vachitaura panguva dzakare, ‘Usauraya.’ Ndinoti kwamuri, ani naani, anotsamwira hama yake pasina chikonzero, watouraya kare. Makanzwa zvichinzi, navo venguva dzakare, ‘Usaita upombwe.’ Ndiwo murairo. Asi Ndinoti kwamuri, ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive watoita upombwe naye mumoyo make.” Ndizvozvo here?

¹⁰⁵ Saka zvinhu zvese izvi zvaive zvirangaridzo, zvingori zviratidzo, zvishamiso, zvakamirira nguva chaiyo yaiuya. Zvino, Jesu paakapedza izvozvo, Mateo 11, (zviropafadzo), Akati:

Huyai kwaNdiri, imi mose vari kushingaira, vakaneta, uye makaremerwa, uye ndichakupai zororo kumweya yenyu.

Torai joko rangu pamusoro pangu, uye mudzidze kwandiri; nokuti ndiri munyoro uye ndakaninipa... (ndizvo here?)

Huyai kwandiri, imi mose makaneta uye... makaremerwa, uye ini ndichakupa zororo kumweya wako. (“Kana wakashanda zuva rimwe, mazuva gumi, makore mashanu, makore makumi matatu namashanu, makore makumi mashanu, makore makumi mapfumbamwe, uye waneta uye warukutika, huya kwaNdiri, Ndichakupa Zororo. Ndichabvisa mutoro wose wechivi kubva pauri, uye ndopinda mauri, uye ndokupa zororo rakakwana pamwe nekugutsikana.”)

¹⁰⁶ Zvino, chii zorora iroro? Regai—regai tingogadzirisira izvi zvishoma, tione kuti chii. Vamwe vavo vakati, “Nhaisi, enda unojoinha chechi.” Kwete! “Isa zita rako mubhuku.” Kwete! “Zvakanaka, imwe mhando yerubhabhatidzo rwemumvura.” Kwete! Ngatingozvigadzirisai uye tione kuti chii. Ungada here kuita izvozvo ipo pano apo takamirira? Tichaona kwakaenda Johane. Kumhando yezuva rakaita sei kwaakaenda?

¹⁰⁷ Jesu paakafa panyika, uye basa raKe rakange rapera, Akapinda pane imwe nzvimbo.

¹⁰⁸ Zvino ngatidzokerei kuna Isaya chitsauko 28, uye ndima 8. Ndinotenda kuti ndiyo, zvino, Isaya 28:8. Zvino ngativerengei, Isaya 28, muporofita achitaura makore mazana manomwe anegumi nemaviri zvisati zvaitika. Zvino, vangani vangada kuziva kuti sabata rechokwadi chii, zororo rechokwadi chii?

Herinoi iri. Zvino, hepanoi apo muprofita akaritura, uye ndichakuratidzai parakazoitika. Tarisai, Isaya 28:8:

Nokuti ose . . . (muporofita achiporofita nezve mazuva ano)

Nokuti matafura ose *azere namarutsi* netsvina, (vanhu vachitora chirairo, vanoputa nekunwa uye vanonyepa uye vanoba) . . . zvokuti *hapana* nenzvimbo yakachena.

Ndianiko *waachadzidzisa zivo?* . . .

Ndiani waungadzidzisa zivo nhasi?

¹⁰⁹ Vangani vanzwa Billy Graham nhasi? Yanga iri mharidzo inoshamisa yaaparidza pamusoro payo, kuti vanhu vangatenda sei nhema uye vogoramba vari munhema iyoyo uye—uye vachitozvipedza uye vachifunga kuti vaiita zvainge zvakanaka. Veruzhinji vemuAmerica vachitora, ataura, uye achiti, “Sefa yemunhu akachenjera, uye mudzanga wemunhu anoputa,” achitora imwe yenhema dzadhiyabhore, uye pachinzvimbo chekumuita benzi, chero zvaari, kuputa chinhu chakadaro uye nokuedza kumuita munhu akachenjera. Atori benzi kutombouputa, kana . . . apo iwo uzere nerufu nekenza nezvimwe zvese, uye zvakadaro anoupfumbura uchidzika nemumapapu ake. Ibenzi. Kwete—kwete—sefa yemunhu akachenjera, uye hakuna chinhu chakadaro. Murume akachenjera haashandise zvinhu izvozvo.

¹¹⁰ “Hakuna hupenyu kunze kwekunge huri muOertel’s 92,” kana chimwe chinhu chakadaro. Hakuna Hupenyu kunze kwaKristu, ndihwo Hupenyu chaihwo hwechokwadi. Chii chinoita kuti varume nevakadzi vanwe zvinhu izvozvo? Nokuti vari kuedza kugutsa nyota iyoyo iri imomo iyo Mwari vakaisa imomo kuti vave nyota yaVo, uye vari kuedza kuigutsa nezvinhu zvenyika. Uye ndicho chikonzero tiine zvinhu izvozvo. Ndicho chikonzero vanhu vachiita saizvozvo, nokuti vari kuedza kupedza nyota iyoyo iri mavari yaMwari, uye dhiyabhore ari kuvapa rufu pachinzvimbo cheHupenyu.

. . . *metafura* ese *azere namarutsi* . . .

¹¹¹ Vashumiri, zvimwe zvese, vanotaura nezvazvo, “Zvakanaka kuva nemufaro mudiki wakachena.” Hakuna chinhu chakadaro!

Ndianiko *waachadzidzisa zivo?* uye *ndiani* waachaita . . . *kunzwisisa* dzidziso? *ivo vakarumurwa pamukaka, vakabviswa pamazamu.* (Zvino hatichisiri vacheche.)

Nekuti chirevo chinofanira kuva *pamusoro pechirevo, chirevo pamusoro pechirevo; mutsara pamusoro pemutsara, mutsara pamusoro pemutsara; apa zvishoma, nepapo zvishoma:*

Nokuti nemiromo inokakama nedzimwe ndimi *uchataura navanhu* ava.

Akati kwavari, Rino ndiro... (chii? kuchengeta sabata!)... zororo iro ramunoita kuti vakaneta... ("Huyai kwaNdiri imi mose makaneta makaremerwa.") ... kugona kuita kuti vakaneta vazorore; uye ndiko kumutsiridzwa: asi vakaramba kunzwa.

112 Zvakaitika riinhi? Makore mazana manomwe anegumi nemaviri gare-gare apo paZuva rePentekosti miromo inokakama yakava pavanhu uye vose vakazadzwa neMweya Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi uye, Mweya Mutsvene wakatora simba pahupenyu hwavo, ndokusiya zvinhu zvavo zvenyika. Ipapo vakapinda muZororo naKristu. Pauro akati, muna VaHebheru chitsauko 4, "Isu vakapinda muzororo raKe takarega kuita zvose zvenyika sezvakaita Mwari pazuva rokusika kwaVo, Vakapinda muzororo raVo, uye isu tinopinda naVo mushure mekunge mabasa edu epanyika apera." Hero Sabata renyu chairu, rechokwadi.

113 Saka Pauro akasimudzwa ndokupinda muMweya iwoyo weSabata, uye akaendeswa noMweya Mutsvene nzira yose kupinda muzuva raShe.

114 Sei tiine nehondo? Sei tiine matambudziko? Sei rudzi ruchimukirana nerumwe rudzi? Jesu akauya, Muchinda weHupenyu, uye vakaMuuraya.

115 Mumavhiki mashoma, kana kunyangwe izvozvi, kune mareindeer naanaSanta Claus ne-nemabhero ari kurira pamwe nemhando dzose dzezvinhu zvakaremba, inova mhemberero yechihedheni. Chinyorwa chechechi yeKatorike. Vanhu vachibhadhara mitengo mikuru uye vachichinjana zvipo nezvimwe zvakadaro, chihedheni! Kisimusi izuva rekunamata.

116 Uye gara zviya, Kristu haana kuzvarwa pazuva rechimakumi maviri neshanu raZvita zvakare. Haaikwanisa kuva akadaro. Kana wakambove muJudhea, zvikomo zvizere nechando, zvakaipa kupfuura zvazviri kuno. Akazvarwa muna Kubvumbi apo zvisikwa zvese zvinobuda.

117 Zvino, asi itsika yavo. Uye sei—sei tichiita zvinhu izvozvo? Nokuti tinotevera tsika dzevanhu panzvimbo yemirairo yaMwari. Ivo... Chimwe chinhu chakadaro chaisava nebase, asi vanongoita zuva rezvekutengeserana kubva pariri. Zvinonyadzisa, zvinonyadzisa kuti ivo vaite zvinhu zvakadaro. Mhemberero yechihedheni! Ndiriinhi apo Santa Claus akava nechokuita naJesu? Ko tsuro yeEsta kana huku kana... yakapendwa neimwe mhando yeingi kana chimwe chinhu, kana imwe mhando yetsuro chena duku iine chero chinhu chokuita norumuko rwaJesu Kristu? Hamusi kuona here kuti nyika yezvekutengeserana...?

118 Ndicho chikonzero vachitengesera mabhuku ekare aya erock-and-roll, nemifananidzo ine tsvina, nezvinyadzi, nezvinhu

zvakaadaro, nemhaka yekuti hunhu hwevanhu vacho hunoshuva zvinhu zvakaadaro zvisina maturo. Imhaka yekuti pane chakashata mumoyo, havasati vambopinda muZororo iroro naMwari vosiya zvinhu izvi. Pavanouya mariri uye vogamuchira Mweya Mutsvene, ipapo vanenge vapedza nezvenyika pamwe nezvinhu zvenyika.

¹¹⁹ Mwari vakamutakura. Oo, handitendi kuti akatakurwa saPauro, zvino, kumusoro mudenga rechitatu ndokuona zvinhu. Zvakanaka, Mweya Mutsvene wakakosha zvawakaita mavhiki mashoma apfuura, pano, regai ndione. . . Nemamwe mashoko, ndakanga ndichitya rufu, zvino Mweya Mutsvene wakanditora ndokundiratidza zvazvaiva zviri. Makanzwa chapupu chacho. Zvino pandakadzoka, “Zvino, rufu, rumborera rwako rwuripi?” Kuendeswa kunoona zvaive zviri seri kwechidzitiro. Akanditendera kuti ndidzoke kuzokuudzai kuti mhiri uko hatisi zvipoko nemweya, tiri varume nevakadzi, vechidiki, vasingazombofe, vasingazomborware, seri kwechidzitiro. Rufu harugoni kuita chimwe chinhu kwauri kunze kwekukudhonzera muNzvimbo iyoyo.

¹²⁰ Zvino, Johane akaendeswa achibva pachitsuwa chePatmosi, muMweya, ndokupinda muzuva raShe. Rino izuva ravanhu, vanhu vari kurwa, asi zuva raShe richauya apo humambo uhwu uchava humambo hwaIshe vedu nehwaKristu waVo, zvino ipapo pachava neMireniyamu huru. Zuva raShe, zuva rokuuya kwaKe, kutonga kwaKe, ndiro richava zuva raShe.

¹²¹ Rino izuva revanhu, ndicho chikonzero vachikutsoropodza uye nekuita zvavanoda newe, asi kuchava nenguva. . . Kudana iwe. . . vanokudaidza zvino, “muumburuki mutsvene uye mupengereki,” asi nguva ichasvika, munoona, iyo yekuti havazoiti izvozvo. Vachachema nokuungudza nekuwira patsoka dzako. Bhaibheri rakati, muna Maraki 4, uchatofamba kunze napamusoro pemadota mushure mekunge vapiswa; pasina kusavasiira mudzi kana davi. Ndizvo chaizvo zvinotaurwa neBhaibheri, “Vakarurama vachafamba napamusoro pemadota evakaipa.” Ndizvozvo chaizvo. Havazosiirwi mudzi kana bazi, hapana chekudzokera kwachiri. Uye vanenge vaparara. Zvino rino izuva revanhu (kuita kwevanhu, mabasa evanhu, chechi yevanhu, pfungwa dzevanhu), asi zuva raShe riri kuuya.

¹²² Zvino, akanga ari muMweya pazuva raShe. Zvakanaka, uye chinhu chekutanga chaakanzwa paaiva muMweya pazuva raShe. . . Zvino tine ndima 10:

. . . muMweya nezuva raShe, uye akanzwa. . . i. . .
inzwi, sere. . . hwamanda,

¹²³ Ngatisapfuure mufananidzo mumwe, zvino. Kana tichifanira kuutora mangwana, tinogona kuutora, munoona. Mumwe munhu chingotarisa wachi, kuti ndisazononoke.

¹²⁴ Zvakanaka, zvino, "...akanga ari muMweya pazuva raShe." Zvino rangarirai, chinhu chekutanga chaunofanira kuita ndechekuti chii? Pinda muMweya. Ko zvizaruro izvi zvichazombouya sei kwauri? Pinda muMweya. Uchazombowana sei Mweya Mutsvene? Pinda muMweya. Pinda muMweya!

¹²⁵ Pawakanga uri mutadzi uye ukaenda kudhanzi, waipinda mumweya *woyo*. Oo, ini zvangu, waitanga kuombera maoko ako nekutambisa tsoka dzako, uye nekujaiuha, nekukandira ngowani yako pasi, uye uchitenderera-tenderera, uchiita zvoupenzi. Wakanga uri mumweya wavzo. Ungafungidzira here mumwe muchinda, aive akasungwa nekutamba, achienda kudhanzi, oti, "Saka, zvino imi mose mune nguva yakanakisa, ndinofungidzira."

"Oo!" vanozoti. "Iwe wekungonyara-nyara, buda muno!" Maona?

¹²⁶ Ukaenda kumutambo webhora, mumwe munhu ogohwesa kabodzwa, kana chimwewo chinhu, wogara wakatarisa, zvino woti, "Zvakanaka, ndinofungidzira kuti zvakanaka kwavzo." Kwete, hawaizombova mupengereki webaseball, hawaizova chaiye...waisava uri mumweya webaseball. Kana mumwe munhu akagohwesa kabodzwa, unosiwuka wodanidzira, "Fiyuu! Ini zvangu! Ihwinhi!" Worova ngowani yemumwe munhu kubva mumusoro make *sekudai*, hapana anoti bufu nezvavzo.

¹²⁷ Zvino muchechi kana uchinge wapinda muMweya, unosiwuka wodanidzira, "Kubwinya! Hareruya! Ishe ngaVarumbidzwe!"

Mumwe munhu anocheuka, oti, "Muumburuki mutsvene." (Oo, Hama Wood...)

¹²⁸ Ndiri kuzokubvunzai mubvunzo. Kana tiri vaumburuki vatsvene nokuti tinoita izvozvo, saka ivo vaumburuki *vasiri vatsvene* kunze uko. Ndingasva ndava muumburuki mutsvene (Haungadaro here?) pane kuva asiri mutsvene. Ini zvangu! Zvirokwavzo! Vaumburuki vasiri vatsvene.

¹²⁹ Zvino, akange ari muMweya. Akapinda muMweya, ndokubva zvinhu zvatanga kuitika. Zvino paakapindamo, akanzwa hwamanda. Zvino, hwamanda inogara ichizivisa kuuya kwechimwe chinhu. Sekuti kana wauya...Ma—mambo ari kuuya, vanoridza hwamanda. Jesu paanouya, Acharidza hwamanda. Ndizvo here? Josefa paaibuda, vairidza hwamanda. Zvino chimwe chinhu chiri kuuya mberi, Johane akapinda muMweya zvino akanzwa hwamanda. Akanzwa hwamanda, zvino akacheuka kuti atarise chaiva shure kwake paakanzwa hwamanda; mushure mokunge apinda muMweya.

¹³⁰ Pamwe aitamba, achisvetuka, achimhanya kwese-kwese pachitsuwa. Aiva nenguva yakanaka, akanga ari muMweya. Saka, uye iye...Zvinogona kunzwicka sekumhura, asi

handizvireve nenzira iyoyo, munoona. Aigona! Ndizvo... saka, anogona kunge aiita izvozvo. Ndinotenda kuti aive nenguva yakanaka muMweya, achingorumbidza Mwari, nokuti ndizvo chaizvo zvakaitika Mweya pawakawira pamusoro pavo pakutanga. Mweya Mutsvene pawakawira pamusoro pavo, vakadzedzereka sevarume nevakadzi vakadhakwa, uye vakaita sevakadhakwa, uye vachiwawata. Uye kudai-. . . vachienderera saizvozvo kusvikira vanhu vati, “Vanhu ava vazere newaini itsva.” Ndiwo maitiro avakaita pekutanga, saka Mweya wakauya zvakare, pamwe akaita nenzira imwe cheteyo. Maona? Hapana chitsva pane chinhu ichi—ichi, ichi chinamato *chenguva dzekare*. Hongu.

131 “MuMweya pazuva raShe.” Zvino, tinozvanzwa. Zvino chii? Zvino, akanga achiitei? Akatakurwa kubva pachitsuwa zvino, muMweya, ndokupinda muzuva raShe. Zvino paakangopinda muzuva raShe, akanzwa hwamanda. Chii ichocho? NdeMumwe munhu ari kuuya. Mumwe Munhu mukuru ari kuuya. Hwamanda inorira, Mumwe munhu ari kuuya! Akatarisa! Hareruya! Hwamanda:

Richiti, Ndini Arfa naOmega, wekutanga newekupedzisira. . . (kwete chiziviso chemumwewo wechipiri kana mumwewo wechitatu, asi iYe woga). . . Ndini zvose *Arfa naOmega*, . . . (“Ndisati ndakuratidza chero chinhu, Ndinoda kukuzivisa kuti Ndini ani!”)

132 Chizaruro chikurusa pane zvese ndihwo Humwari, Humwari Hwepamusoro-soro hwaIshe vedu Jesu Kristu. Haugone kusvika panheyo yekutanga kusvikira watenda izvozvo, wobuda kunze. . . Ndizvo zvakataurwa naPetro, “Tendeuka, uye wobva waona Humwari. Wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, zvino unobva wagadzirira kupinda muMweya.” Chinhu chekutanga chaunofanira kuziva ndihwo Humwari hwaKristu. “Ndini Arfa naOmega! Ndini kubva kuna A kusvika kuna Z, hapachina kunze kwaNgu. Ndaive pamavambo, Ndichave kumagumo. Ndini Iye akanga aripo, aripo, uye achauya, Samasimba.” Zvifungei Izvozvo! Ndizvo zvakataurwa nehwaamanda.

133 Ngwarira Johane! Wapinda muMweya, chimwe chinhu chichazozarurwa kwauri. Chimbori chii? Hwamanda inorira, chinhu chekutanga, “Ndini Arfa naOmega.” Chizaruro chekutanga pane zvese. (Oo, mutadzi, kotama, tendeuka zvino nguva isati yanyanyisa kupera.) “Ndini Arfa naOmega.” Ndicho chinhu chekutanga chaAkaita kuti azive, kuti Aiva ani. (Ndiani uyu ari kuuya? NdiMambo Jesu here uyu? Mambo Mwari? Mambo Mweya Mutsvene?) Akati, “Ndiri zvese Izvozvo! Ndini kubva pana A kusvika kuna Z. Ndini mavambo nemagumo. Ndini Uyo asingafi, Uyo waZiyendanakuenda!”

134 Mushure mechinguva chidiki tinoMutarisa muhunhu hwaKe hwakapetwa kanomwe, tarisa zvaAri zvino. “Ndini mavambo nemagumo. Ndini Arfa naOmega, wokutanga newe kupedzisira. Ndaivapo kusati kwava newe kutanga; uye mushure mekunge pasisina wekupedzisira, Ndicharamba ndiripo,” nemamwe mashoko. “Wekutanga newe kupedzisira!”

. . . uye, *Zvaunoona, zvinyore mubhuku, utumire . . .
kukereke nomwe dziri muAsia; kuEfeso, . . . Smirna, . . .
Pergamo, . . . Tiatora, . . . Sadhisi, . . . Firadherfia,
nekuRaodhikia.*

135 Zvakanaka, chizaruro chekutanga ndihwo Humwari Hwepamusoro-soro hwaJesu Kristu. Unofanira kuziva kuti Iye ndiani paunonzwa Izwi. Zvakanaka, Izwi rimwe chete rakanzwicka paGomo reSinai, Izwi rimwe chete rakanzwicka paGomo reKushandurwa, Iye mumwe chete, “Mumwe akaita seMwanakomana womunhu.”

136 Zvino tarisai mundima iyi inotevera. Zvakanaka:

Ndikatendeuka . . . (Chitsauko 12 zvino.)

137 Tichasiya machechi aya ari ega kweminiti, nekuti vhiki rino rose riri kuuya pamachechi aya. Munoono, saka tichangopfuura napamusoro pazvo.

138 Asi Akati, “Izvi . . . Ndichakuraira kuti utumire Mharidzo iyi yandinokuratidza.” Ndiani? “Ndini wekutanga newekupedzisira. Ndini Iye Wepamusoro-soro. Ndini Uyo Samasimba. Uye Ndauya kuzokuudza kuti Ndiri kukupa Mharidzo kumachechi manomwe. Ndinoda kuti uInyore, uIgadzirire.” Maona? “Uye machechi manomwe ari muAsia.” Zvino, aive machechi ipapo panguva iyoyo ane hunhu maari hwaimiririra mazera echechi aya aizouya.

139 Zvino:

Zvino ndikatendeuka kuti ndione inzwi rakataura neni. Uye ndakati ndatendeuka, ndakaona zvigadziko zvemwenje zvinomwe;

140 “Zvigadziko zvemwenje zvinomwe.” Zvino, ndeiyo . . . King James version, raungangove uinano riri zvichida Scofield kana—kana pamwe Thompson Chain, kana mamwe acho, handizvo ipapo. Hariti makenduru, rinoti zviyatiso zvemwenje; zvigadziko zvemwenje, ndinotenda, ndiro, shoko chairo rakataurwa mududziro yepamavambo. Munoono, nemamwe mazwi, zvigadziko zvemwenje zvinomwe izvi aive machechi manomwe. Anoti gare-gare pane, se . . . mundima 20 pano, “Zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvawaona machechi manomwe.” Saka, munoono, dai rakanga riri kenduru, raizokurumidza kupera robva radzima, munguva pfupi. Asi haasi makenduru, chi—chigadziko chemwenje. Rinochipa sechigadziko chemwenje. “Ndakati ndacheuka ndakaona

mumwe akafanana noMwanakomana womunhu amire pakati pe . . . pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe.”

¹⁴¹ Zvino—zvino tarirai. Kenduru raizobvira rikapera nekukurumidza, raizodzima, rinozenge richisipo zvachose, mumaawa mashoma raizobvira ropera. Asi chigadziko chemwenje, chigadziko chemwenje chakadai, . . .

¹⁴² Pano, ngati—ngatitorei Gwaro pano, ngati—ngatitorei Zekaria 4:1, zvino tinogona kuwana kubva muna Zekaria imomo izvo zvatinoda. Zekaria 4:1, uye ndinotenda zvino pamwe mune izvi tichakwanisa ku—kubatanidza pamwe chete izvo zvatiri kuda. Handisi kukwanisa kuwana Zekaria muna Zefania, ndinogona here? Zvakanaka. Zvakanaka. Bhaibheri rangu rekare rinenge rasakara. Zekaria 4:1, nyatsoteererai zvino, munowana mufananidzo wakanaka pano:

Zvino mutumwa . . .

¹⁴³ Muporofita, zvino, angori makore mazana mashanu anegumi nemapfumbamwe Kristu asati auya:

Zvino mutumwa akanga achitaurirana neni akasvikazve, akandimutsa, somunhu anomutswa pahope, (Zvino muporofita ari muchiratidzo.)

Zvino akati kwandiri, Unooneiko? Uye ndikati, ndakatarisa, uye ndikaona kenduru (Zvino, izwi rimwe chetero rinodudzirwa kuti “chigadziko chemwenje.”) chose chendarama, chiine ndiro pamusoro . . . pamusoro pacho, (Ndiwo waiva mwenje.) nemwenje yacho minomwe iri pamusoro pacho, nepombi nomwe dzemwenje minomwe, iri pamusoro pacho: (Munoona, mazera mamwe chete echechi ari kuuya. Maona?)

Uye miti miviri yemiorivhi parutivi rwacho, . . . (Zvino, imhandoi ye . . . Chii chavaipisa mumarambi iwayo munguva dzeBhaibheri? Pane anoziva here? Mafuta. Mafuta erudzii? Mafuta emuorivhi.) . . . miti miviri yemiorivhi . . . (Chii? Testamende Itsva neyeKare; iri miviri yakamira pachiri.) . . . mumwe kurutivi rworudyi rwendi, mumwe kurutivi rworuboshwe rwayo.

Uye ndikapindura ndikataura nomutumwa akanga achitaurirana neni, ndichiti, Zvinyiko izvi, ishe wangu?

Zvino mutumwa akanga achitaurirana neni akapindura akati kwandiri, Hauzivi here kuti izvi—izvi zvinyiko? Ndikati, Kwete, ishe wangu.

Zvino akapindura akataura neni, achiti, Ndiro shoko raJEHOVHA kuna Zerubhabheri, rinoti, Hazviitwi nesimba, kwete nehondo, asi nemweya wangu, ndizvo zvinotaura JEHOVHA wehondo. (Achadzoreredza Jerusarema.)

144 Zvino, kenduru chii? Chigadziko chemwenje. Uye cherechedzai kuti zvanaka sei. Pano, paakatendeuka, akaona Uyu akafanana neMwanakomana wemunhu pano amire pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama, zvinoreva mazera manomwe echechi ari kuuya. Uye pombi imwe neimwe, kana—kana kuti chigadziko chemwenje, chakakochekerwa mumudziyo mukuru wemafuta. Uye mumafuta aya munouya kumusoro kune rambi diki rine chimwe chimiro chisina kujairika rakagara rine tambo mariri zvino tambo yairembera zasi mumafuta. Uye chero bedzi . . . Vaidira mafuta napamusoro pechigadziko, icho chaizadza pombi huru, uye bazi guru, zvino raipinda mumapombi, sezvizvi. Uye rambi riine tambo yakaremba zasi, pombi iyi—iyi yaipinda mune . . . yairamba ichibvira, siku nesikati. Hawaimbofanira kuribatidza, haraimbodzima; vaingoramba vachidira mafuta mupombi huru. Uye zvigadziko zvemwenje izvi zvaibuda sezvizvi, zvaiva nemarambi akagara pamusoro pazvo. Tambo yaibva murambi yaidzika ichipinda imo muno, yotora hupenyu hwayo kubva apa. Oo, zvakasiyana sei nekenduru. Zvakasiyana sei! Chigadziko chemwenje, uye chiri kudhonza mafuta.

145 Zvino, zvigadziko zvemwenje izvi, moto waiva pazvigadziko zvemwenje izvi muTestamende Yekare. Pavaibatidza rambi rimwe chete, vaisakwanisa kubatidza rambi rinotevera nemoto mumwe chete wavaive nawo muruoko rwavo. Vaibatidza rambi rimwe chete, vobva varisimudza zvino votungidza rimwe rambi, vobva varigadzika pasi. Zvino votungidza rambi iri, uye zvadaro yotora votungidza rambi iri nemoto mumwe chete wavatanga nawo pakutanga. Oo, ndinovimba kuti hazvipfuuri napamusoro pemusoro wako. “Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi,” moto mumwe chete (Mweya Mutsvene) wakatungidza imwe neimwe yemachechi iwayo zvichidzika chaiko nemumazera.

146 Jesu haana here kuti muna Johane 15, “Ndini muzambiringa, imi muri matawi”? Zvino, Iye ndiye Muzambiringa mukuru, isu tiri matawi. Zvino, muzambiringa haubereki zvizibereko . . .

147 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . kuti unogona kutora muti wemucitrus, semuranjisi, uye unogona kutora da—davi kubva pane—kubva pane, zvakana, ndingati, muti wemugrapefruit, uye wotsemura kanzvimbo kadiki mumuti wemuranjisi woisa mugrapefruit iwoyo mauri, unokura. Ukaenda neche apa wonotora bazi remuti wemuremani woriisa mumuti wemuranjisi, rinokura, kana kutora mupomegranate, woritora, kana, chero muchero wemucitrus, tanjarini kana tanjero, chero mumwe wemichero iyoyo yemucitrus, woisa mumuti uyu, uye rinorarama kubva pahupenyu hwemuti iwoyo wemuranjisi; asi harizobereki maranjisi. Richabereka magrapefruit, richabereka matanjero, richabereka maremani, asi riri kurarama kubva pahupenyu hwedzinde chairo, asi kana

dzinde iroro rikazoburitsa rimwe bazi . . . rimwe bazi, richange riri rehupenyu humwe chete huri mariri, richabereka ranjisi. Nokuti, pakutanga, mumudzi waro mune hupenyu hwomuti wemuranjisi, asi mamwe anogona kurarama kubva pauri chero bedzi uri rudzi rwemuchero wemucitrus. Asi harigoni kubereka chibereko chepamavambo, nokuti harisi repamavambo.

¹⁴⁸ Ndizvo zviri chechi. Vakatsamura Muzambiringa vakapfekeramo Presbyteriani, Methodisti, Baptisti, nemamwe akadaro. Riri kubereka muchero weBaptisti, muchero wePresbyteriani, muchero weMethodisti, asi kana rikambo . . . muti iwoyo ukazoboburitsa rimwe davi, richange riri mhando yemuzambiringa mumwe chete Warakaunzwa neZuva rePentekosti: Muzambiringa wepamavambo! Rinotaura nendimi uye rigova nesimba nezviratidzo zvaKristu akamuka mariri. Sei? Nekuti riri kurarama kubva pane icho chakasikwa marakadyarirwa. Chaizvoizvo, harina kudyarirwa mariri, rakaberekerwa mariri! Ishe ngaVarumbidzwe! Oo, ini zvangu! Handina kumbofunga nezvazvo ipapo chaipo.

¹⁴⁹ Munoono, mamwe aya akabatanidzirwa; vanoabatanidzira mumuti, kuti abereke mhando yemichero yawo. Havagoni kutora *Izvi*. Havatendi maZviri, nokuti havana kumbobvira vakaziva chii zvacho pamusoro paZvo. Asi kana vakaberekerwa muHupenyu humwe chete ihwohwo hwakabuda mumuti iwoyo, ndicho chinhu choga chavanokwanisa kubereka, Hupenyu hwedzinde repamavambo.

¹⁵⁰ Mapombi aya emwenje anokwana muniro imwe chete yakakura kwazvo, mubato mumwe mukuru kwazvo, uye mapfumbamwe akasiyana . . . kana kuti zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvakasiyana zvinobuda mauri. Uye pazvakadaro, chimwe nechimwe cheziedza izvozvo chakanga chichitora kubva pachitubu chikuru choupenyu hwacho. Uye chiedza charo chaive nokuda kwekuti chaive nekenduru racho rakanyikwa mupombi huru iyi. Oo, mufananidzo wakanaka sei weimwe yenyeredzi nomwe dziya (chaimiririra izvozvo) nehupenyu hwayo huchibvira neMweya Mutsvene pano. Uye iyo . . . Nekutenda ari kupfuta neMweya Mutsvene, uye hupenyu hwake ikenduru, kana kuti kwete kenduru, asi tambo yakanyikwa muMweya Mutsvene (muna Kristu), uye kubudikidza netambo iyoyo ari kutora Hupenyu hwaMwari kunze kuti hupe Chiedza kucheche yake. Oo, mufananidzo wakadini wemutendi wechokwadi! Imhandoi yeChiedza chaari kupa? Mhando imwe chete yeChiedza chaivepo pakabatidzwa kenduru yekutanga.

¹⁵¹ Pakatanga zera rechechi rekutanga, raive Efeso. Pauro, ngirozi yecheche iyoyo, imwe yenyeredzi. Kune nyeredzi nomwe zvinoreva ngirozi nomwe, “vatumwa” vanomwe. Vhiki rino ndinogona kutora Rugwaro nenhorooondo uye ndoratidza kwamuri kuti chimwe nechimwe chazvo ndechechokwadi mungirozi imwe neimwe, uye ngirozi yose yakanga iine Chiedza

chimwe chetecho. Ndizvozvo chaizvo. Uyezve pakati chaipo pemazera aya, mukuru Uya achauya.

¹⁵² Cherechedzai, zvino dziri kutora kubva mumudziyo mukuru weMafuta, Chiedza...hupenyu hwakanyikwa muna Kristu. Wakafa, uye hupenyu hwako hwakavigwa muna Kristu kubudikidza...kana kuti hwakavigwa muna Mwari kubudikidza naKristu, uye wakasimbiswa neMweya Mutsvene. Hakuna nzira zvachose yekumbofa wakabviswa ipapo. Ungazviita sei? Hapana anogona kukukanganisa. Kunogumira hupenyu hwako kuri kubvira neMweya Mutsvene; oo, kubvira, kuchipa Chiedza. Ko kumwe kumagumo kwacho kwehupenyu hwako kwakanyura pai? Muna Kristu. Wakafa uye wakavigwa muna Kristu, Mweya Mutsvene, uri kuzvivharira kunze uko kwaunogona...dhiyabhore haakwanisi kukubata. Amen! Anogona kunziririka uye nokuita ruzha. Kunyangwe rufu pacharwo harwugone kukubata, “O rufu, rumborera rwako rwuripi? Kukunda kwako kuripi? Mwari ngavavongwe vanotipa kukunda kubudikidza nalshe vedu Jesu Kristu.”

¹⁵³ Kumagumo kwendima iyi, ngatiiverengei:

Zvino ndakati ndatendeuka, ndakaona zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama;

Uye nepakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama mumwe wakafanana...Mwanakomana womunhu,...

¹⁵⁴ Ini zvangu! Macherechedza here? Nyeredzi, zvigadziko zvemwenje, marambi. Zvimorevei? Izvi zvimorevei? Kutu mwaka watiri kurarama mauri inguva yehusiku, makenduru nezviyedza nenyeredzi zvimoreva husiku. Uye nyeredzi inoitai? Inoratidza chiedza chezuva kusvikira zuva radzoka. Ngarirumbidzwe Zita raShe! Uye mushumiri waMwari wechokwadi haaratidzi chimwe chiedza chetochi, chimwe chimuti chemachisi, chimwe chikwande chiri kubvira; anoratidza mirazvo yendarama yaKristu kuChechi, kuti “Ndiye mumwe chete, uye Mupenyu, uye Ari kuvhenekera pandiri.” Amen! Ndicho Chiedza chaanoratidza. Nyeredzi inoratidza chiedza chezuva, munoono, saka tiri kuratidza Chiedza cheMwanakomana waMwari. Tichiita zvimwe chete zvaAkaita, tichipa Chiedza. Chiedza cherudzii? Chiedza cheVhangeri kune avo.

¹⁵⁵ Zvino ngatingoMutarisei mberi zvisoma, patiri kutora kwasara kwese kwendima 13 iyi:

Uye nepakati (ndipo pakati) pezvigadziko zvemwenje zvendarama mumwe wakafanana...Mwanakomana womunhu, akapfeka nguwo yakasvikira kutsoka, uye akasunga chipfwa nebhanire rendarama.

¹⁵⁶ Zvino heunoi humwe humbowo hwekuti dzidziso ino zvimoreva ndizvo pamusoro pokuva kwaro zuva raShe. MaMucherechedza here? Akanga asiri muprisita panguva iyi,

uye Akanga asiri mambo, akanga ari mutongi. Cherechedzai, muprisita, muprisita mukuru, paaipinda munzvimbo tsvenetsvene kana paipinda kunoshumira, kushumiro, aizvisunga muchiuo. Kusunga bhanire rake muchiuo, zvaireva kuti akanga achishumira; haana kumborisunga pafudzi rake. Asi heunoi Achibuda, achibuda nebhanire rakasungwa kumusoro, nebhanire pafudzi raKe; akasungwa pachipfuva, chipfuva, nebhanire rendarama, rakasungwa kumusoro. Chii? Gweta, mutongi. Mutongi aine bhanire pafudzi rake, rakasungwa kumusoro kuno, kwete kuzasi semuprisita. Munooona, zvinoratidza kuti Akanga asiri muhuprisita hwaKe zvino, Johane akaenda nzira yose kunopinda muzuva raShe uye akaMuona achiuya semutongi.

157 Munotenda kuti Mutongi here? Ngativerengei Mutsvene Johane 5:22, nekukasika chaiko, tichaona kuti Mutongi here kana kuti kwete. Johane 5:22:

*Nekuti Baba havatongi munhu, asi vakapa
Mwanakomana kutonga kose:*

158 Ndizvo here? Ndiye mutongi, Mutongi Wepamusoro-soro. Uye Johane anoratidza kuti Akanga asiri muzuva rechiporofita chaKe, semuporofita, uyewo Akanga asiri mumazuva ehumambo hwaKe, asi Akanga ari muzuva raShe seMutongi. Zvino, vangani vanoziva kuti muprisita aiva nebhanire rake, tambo yake yakamonera muchiuo chake zvaireva kuti akanga ari mushumiro? Ani naani anoverenga Testamende, anoziva Testamende Yekare, anozviza izvozvo. Kana muprista akazvisunga neche pano, ari mushumiro, muranda. Asi Akanga akazvisunga kumusoro kuno, mutongi.

159 Ngativerengei mberi zvishoma:

. . . bhanire rendarama . . . raiva . . . napachifuwa . . .

160 Ndizvozvo, kumusoro neche apa, Akanga ari Mutongi.

Zvino tichaverenga kubwinya kwakapetwa kanomwe kweHunhu hwaKe. Oo, ini zvangu! Izvi zvinondiita kuti ndidanidzire ndisati ndasvika pazviri. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Cherechedzai! Oo, ichi chinhu chinoshamisira kwazvo. Ingoteererai:

Uye musoro waKe . . .

161 Zvino tarisai, Ndiye zvinhu zvinomwe, pano zvaanotaura: Musoro waKe, bvudzi raKe, maziso aKe, tsoka dzaKe, Izwi raKe, zvinhu zvinomwe zvaAkataura pano, kubwinya kwakapetwa kanomwe kwaJesu Kristu. Regai ndiZviverenge:

*Musoro wake nevhudzi rake zvakanga zviri zvichena
semakushe, zvichena sechando; . . . meso ake akanga . . .
mirazvo yemoto;*

...tsoka dzake dzakafanana... nendarira inopenya, sokunge yakapiswa muvira; nenzwi rake... ruzha rwemvura zhinji.

Uye mu... Uye muruoko rwake rwerudyi wakange akabata nyeredzi nomwe: uye mumuromo make makabuda munondo unopinza unocheka nekwose: uye chiso chake chaiva chakaita sezuwa rinopenya musimba raro.

¹⁶² Chiratidzo chakadini! Chii chaAkaona apa? Mwanakomana waMwari akabwinyiswa, uye nemufananidzo. Zvino, ngati—ngatingogadzirirei zvino.

¹⁶³ Oo, ini zvangu, ndafunga kuti dzave nine, dzinongova eight. Handisati ndatotanga. Zvakanaka. Zvakanaka izvo. Zvino, ndine urombo hama idzi dzakamira, zvinondiita kuti ndihute-hute kuvaona vakamira, munoona, nekuti ndinoziva kuti makumbo avo ari kurwadza. Dai ndaingova nechero imwe nzira hama, yechero chinhu chandaigona kuita, chokwadi ndaichiita. Zvino, ndinoda kuti munzwisise izvi zvakanyanya. Zvino chimbomirai kwechinguvana uye Mwari vakupei mubairo mukuru, ndiwo munamoto wangu.

¹⁶⁴ Zvino—zvino cherechedzai, chinhu chokutanga, zvino tinocherechedza, musoro waKe nebvudzi raKe zvakanga zviri zvichena semakushe. Musoro waKe nebvudzi raKe zvakanga zviri zvichena samakushe. Zvino, hazvireve kuti Aive achembera, kwakaita izvi. Chakanga chisiri chikonzero chaizvozvo. Akanga asina kuchembera kuita izvozvi. Akanga ari... Zvakanga zviri nokuda kweruzivo rwaKe nekwaniso pamwe nehuchenjeri hwaKe. Nokuti Anogara Nokusingaperi, uye Ziyendanakuenda harigoni kuchembera. Manzwisisa here?

¹⁶⁵ Ngativhurei kutanga, uye ticha—tichaMufananidza kunze kuno seizvi, uye tichaona zvaAri. Zvino, ngativhurei kuna Dhanieri 7:9, kweminiti chete, munoona mufananidzo mumwe chete muna Dhanieri paAnouya se... neche kuno kune Mukweguru panguva. Uye potse munhu wese, mudzidzi weBhaibheri, anoziva chaipo patiri kuenda iko zvino. Dhanieri 7, uye ndima 9; ndichatangira pana 8:

Zvino ndakacherechedza nyanga, uye, tarira, kwakabuda... rumwe runyanga ruduku, kumashure kwacho—kumashure kwacho paiva nenyanga nhatu dzekutanga dzakadzurwa nemidzi: zvino, tarira, parunyanga urwu pakanga pana meso akafanana... emunhu, nomuromo wakanga uchitaura zvinhu zvikuru.

Zvino ndakatarira kusvikira zvigaro zvoushe zvakandirwa pasi,...

¹⁶⁶ Zvino teererai. Teereresai, zvino. Muri kukwanisa kundinzwa zvakanaka here kumashure? Itai “Ameni,” kana muchikwanisa. Ndakabvunza mudzimai wangu kumashure uko.

Ndinofunga kuti maiki iyi pano iri...inonyanya kunzwicka pano, handizvo here? Zvino, ndinodanidzira zvakananyisa, ndinofungidzira, mune ino.

167 Zvakanaka, zvino Dhanieri 7:9:

Zvino *ndakatarira kusvikira zvigaro zvoushe* zvakandirwa pasi, *mumwe Mukweguru pamazuva akagarapo*, akanga ane nguvo *yakachena sechando*, uye *bvudzi romusoro wake rakanga rakaita se...makushe akanatswa*: (Mukweguru pamazuva.) *chigaro chake choushe chakanga chakaita somurazvo womoto*, uye mavhiri acho akanga ari *moto unopfuta*.

Uye nzizi dzomoto—moto dzakanga *dzichibuda dzichibva pamberi pake*: uye zviuru *nezviuru* zvakanga *zvichimubatira, negumi...zvapaketwa zviuru gumi* zvakamira *pamberi pake*: zvino *kutonga kukatanga*, uye *mabhuku* akazarurwa.

168 “Bvudzi jena!” Zvose...chero ani zvake anoziva kuti ndivo vatongi vekare mumazuva ekare. Sevatonzi veChirungu vaisipfeka wigi yakachena sechando. Vangani vanozvirangarira? Vatongi vekare-vekare vaipfeka wigi chena nekuti vaive... Uye heunoi Uyu, zvichiratidza zvakare kuti Johane ari muzuva raShe, akaMuona semutongi. Amen! Kwete semuprisita, kwete samambo, kwete semuporofita, asi semutongi. Baba (NdiMutsvene Johane 5:22) vakapa kutonga hwese kwaAri. Uye ndiYe mutongi zvino, auya kuzotonga marudzi. Oo nokuda kwezuya riya ramunoMuona akadar! Bvudzi raKe rakanga rakachena sechando, Dhanieri akaMuona achiuya kune Mukweguru pamazuva. Mutarisei achibatidza zviviri izvi pamwe chete. Zvakanaka:

...uye *kutonga kukatanga*, uye *mabhuku* akazarurwa.

Uye *ndakatarira ipapo nokuti...Uye ndakatarira ipapo* nokuda kwenzwi *remashoko makuru—makuru ayo runyanga...*(Kwete, ndatora nzvimbo isiriyo, handina here?)

169 Dhanieri 7:9, hongu, heyo:

...nemavhiri ake *acho*...

Uye *rwizi rwomoto* rwakabuda uye *rwukauya... kubva...paari*: uye *makumi ezviuru* akauya akashumira kwaari,...

Zvino *ndakatarira nenguwa iyo nemhaka yenzwi remashoko makuru akanga achitaurwa norunyanga*: uye *ndikaramba ndakatarira kusvikira chikara chauraiwa, uye muviri wacho waparadzwa, uchiiswa kumarimi emoto uno—unopfuta*. (Uhm!)

Kana zviru zvimwe zvikara zvose, zvakatorerwa hushe hwazvo: (ndiwo masimba ose nehushwe hweMarudzi zvichawa) asi hazvo hupenyu hwazvo hwakawedzerwa kwemwaka nenguva.

Zvino ndakaona muchiratidzo cheusiku, uye, tarira, mumwe akafanana noMwanakomana womunhu achipinda mu...makore ekudenga,...(TaMuona achiuya sei mangwanani ano, mundima 3? Achiuya mumakore ekudenga, Mwanakomana wemunhu.) ... mumwe akafanana noMwanakomana womunhu achiuya nemumakore okudenga, uye iye akavika kune Mukweguru pamazuva ake, vakamuswedzwa pedyo pamberi pake.

Zvino akapiwa hutongi, nokubwinya, nohushe, uye vanhu vose, marudzi,...mitauro, vanofanira kumushumira: hutongi uhu hutongi husingaperi, husingazopfuuri, uye hushe hwake hucha...hushe hwake haungazoparadzwi.

170 Akauya kune Mukweguru pamazuva ane vhudzi jena semakushwe. Zvino Johane akatendeuka ndokuona mumwe akafanana noMwanakomana womunhu amire pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama, ane bvudzi jena rakaita sechando, Mutongi! Asina kuzvisunga muchiuno, asi akazvisunga pachipfuva, kumusoro kuno, mutongi! Nebhanire remutongi pafudzi raKe, Akamira nebhanire rendarama, rakachena, dzvene, rakanatswa, raibata kururama kwaKe. Chifukidzo chaKe! Akanga akafukidzwa kusvika kutsoka. Tarisai kuratidzwa kwakapetwa kanomwe kwehunhu nekubwinya kwaKe.

171 Zvino, ndinotenda, ndima 14:

Bvudzi rake...Musoro wake nevhudzi rake zvakanga zviru zvichena semakushwe, zvakachena sechando; uye meso ake aiva...mirazvo yemoto;

172 Musoro, bvudzi; “meso akanga akaita semirazvo yemoto.” Pafungei! Maziso iwayo akambodzikatidzwa nemisodzi yemunhu, zvino ave mirazvo yemoto. Akatsamwa Anomira ipapo semutongi ane hasha. WakaMurambirei? Oo, mutadzi, funga nezve izvi! Pafunge, nhengo yechechi inodziya! Pafunge, muKatorike, muBaptisti, muPresbyteriani, muPentekosti! Pafunge, muKatorike! Mhandara yako Maria akatozokwira kumusoro kupentekosti ndokugamuchira Mweya Mutsvene, ndokudzedzereka nokuita semukadzi akadhakwa. Amai chaivo vaKristu vaifanira kuzviwana izvozvo vasati vabvumirwa kuenda Kudenga. Ko imi vakadzi muchasvika seiko ikoko musina kuita saizvozvo? Zvifungei, varume, mumwe nemumwe wenyu!

173 Bvudzi raKe, uye maziso ake akambodzikatidzwa nemisodzi yemunhu, zvakadaro ndinoda kuti mucherechedze chimwe chinhu pamusoro pemaziso iwayo. PaAkanga achiri panyika, akanga akadzikatidzwa nemisodzi semunhu, nekuti Akachema paguva raRazaro. Ndizvozvo! Azere netsitsi; humunhu hwaKe. Akanga akapfeka, Akanga ari Mwari vakapfeka munhu, kuitira kuti vabvise chivi. Asi zvakadaro kuseri kwemunhu iyeye, Aiva nechimwe chinhu shure kwaKe chaigona kutarisa pakadzika chaipo mumoyo wemunhu uye oziva zvose nezvake. Sei? Paiva nechimwe chinhu shure kwaKe, asi zvakadaro Akanga akapfeka nyama inofa.

174 Asi vakanga vasingazive kuti ndiani. “Kana musingatendi,” Akati, “kuti Ndini Iye, muchafira muzvivi zvenyu.” Ndizvozvo. “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvadaro musaNditenda; asi kana Ndikaita mabasa aBaba vaNgu, zvino tendai mabasa kana musingaNditendi.” Oo, Akaedza sei kusvitsa Mharidzo kwavari, chizaruro! Aigona kutarisa pakadzika mumoyo wemunhu, oziva zvose pamusoro pake. Ndinofunga kwazvo nezvazo! Maziso iwayo akambonangisa akatarisa napamusoro pemakomo, akatarisa muchiso chekutambudzika, uye achigona kuchema semunhu, asi zvakadaro achikwanisa kutora Mweya waMwari seri kwechiratidzo ichocho chemunhu ipapo uye oona zvinhu zvose; zvinhu zvakambovapo, zvinhu izvozvo zvaivepo—zvaivepo, uye nezvinhu zvaizouya. Kufanotaura magumo kubva kumavambo, ndizvo nokuti Mwari vakanga vari seri kwemaziso iwayo emunhu. Rega Mwari vauye muhupenyu hwako uye vave nehutongi pamusoro pako, zvino Vachakuratidza zvinhu zvichauya. Nekuti hausisiri iwe zvachose, Mweya Mutsvene muhupenyu hwako kumashure uko wakatarisa kubudikidza nemumaziso anofa kunhonga zvinhu.

175 Oo, kubwinya kuna Mwari! “Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose, uye vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita, majaya enyu achaona zviratidzo, vatana venyu vacharota hope.” Hareruya! Dzimwe nguva Vanofanira kukukotsirisa kuti Vatarise kubudikidza nemauro, asi chokwadi Vachakuratidza kakawanda. “Majaya enyu achaona zviratidzo, vatana venyu vacharota hope; pamusoro pavarandakadzi navashandikadzi vaNgu Ndichadurura Mweya waNgu.” Kwete, “Pamusoro pemadhikoni aNgu nevafundisi, nepamusoro peVangu. . .” “Pamusoro paani naani anoda, pamusoro penyama yose, Ndichadurura Mweya waNgu.” Munoshamisika kuti sei ndichizvidanidzira, asi zviri kuuya mumazera aya echechi.

176 Oo, hapo paAiva, maziso iwayo. Uye, rangerirai, rimwe zuva, maziso iwayo akanga akadzikatidzwa nemisodzi, maziso iwayo achamira pakutonga. Zvino akaita semirazvo yemoto inomhanya kwese-kwese nemunyika yose, uye hapana chinhu chinoitika chaAsingazive. Oo, ini zvangu, zvakanyorwa.

Kumhanya kwese-kwese nemunyika yose achitarisa mafambiro ose, achinzvera mufungo wose, achiziva zvose zvauri kuita, zvinangwa zvemwoyo, zvaunofunga kuda kuita. Anoziva zvose nezvazvo. Anoziva kana uchiMuda. Anoziva kana vavariro dzako dzakarurama, dzokuMushumira. Anoziva zvose nezvazvo. Uye zvichava sei paunomira nezuva iroro apo chivi chose chiri pachena pamberi paKe, zvino Omira ipapo paChigaro Chichena cheKutonga?

¹⁷⁷ Mwari, ndidzikinureiwo kubva panzvimbo iyoyo! Handidi kuiona iyoyo. Kana Mwari akatsamwiswa akabuda kunze ikoko nemoto uchipenya kubva mumaziso aKe, nekururama, wigi chena iri pamusoro waKe saizvozvo, uye maziso aKe achipenya nemoto unoziva mifungo yose yemoyo wako, nezvose zvawaida kuita. Ndivanzei muDombo reMazera rakatsemurirwa ini! Muchinda mutana aigara achiimba, “Kana nyika ino yose iri kubvira, mirai neni. Mirai neni, uye regai chipfuva cheNyu chive mutsago wangu. Ndivanzeiwo muDombo reMazera.” Mwari, handidi kutonga kweNyu. Handidi kweNyu... Chandinoda itsitsi dzeNyu, Ishe. Ndipeiwo tsitsi dzeNyu, kwete kutonga kwenyu. Ingondipai tsitsi dzeNyu. Kwete mirawu yeNyu, kwete chero hacho... Ingondipaiwo tsitsi, Ishe, ndidzo dzega dzandinokwanisa kukumbirisa. Hapana chinhu mumaoko angu chandinouya nacho (handina kunaka, handina nhorondo), muhunoro bedzi ndinobatirira pamuchinjiko weNyu. Ishe, ndizvo zvoga zvandinoziva: Mumwe akauya kuzatora nzvimbo yangu.

¹⁷⁸ Tarisai humunhu hwaKe hwakapetwa kanomwe zvino hwehunhu hwaKe, uye muchaona izvo zvaAkaita.

Musoro wake... wakanga wakachena sechando; semakushe, vhudzi jena; uye meso ake akaita se... (ngatione)... Musoro wake... waiva wakachena se... chando; uye meso ake aive... mirazvo yemoto;

Uye tsoka dzake dzakanga dzakafanana... nendarira inopenya, seyakapiswa muvira;

¹⁷⁹ Tarisai zvino. Tangocherechedza paAkafukidzwa, munoziva. Zvino tarisai. Musoro waKe, meso aKe, zvino anodzika zasi kutsoka dzaKe sendarira. Tarisai musiyano kune mufananidzo uyo Johane akaona waJesu, uye nezvakaonekwa naDhanieri zvehumambo hwenyika, musoro wendarama nezvimwe zvakadaro.

¹⁸⁰ Tarirai zvanga zviri izvi pano, akamira ipapo, ndarira. Ndarira inotaura nezvei? Ndarira inotaura nezvekutonga, kutonga kwaMwari. Zvinoratidza kuti chinangwa chaKe chizere chiri kuuya pano panyika saMwari, kuti chiitwe nyama, uye Akatifira akatora kutonga kwaMwari, kutonga kwaMwari, uye akagamuchira Humambo hwendarira, uye hwakasimba,

uye haungazungunutswi. Hapana chakaomarara chinopfuura ndarira, uye havana kumbowana chinhu chingashanda pairi.

¹⁸¹ Kutonga! Ndarira inotaura nezvekutonga kwaMwari kwakaitwa. Tarisai nyoka yendarira murenje. Ko iyo nyoka yendarira yaimiririrei? Nyoka yaimiririra chivi; asi, iri yendarira, mutongo wakatoiswa pachivi.

¹⁸² Zvino, cherechedzai zvakare mazuva aEria, pavakanga varamba Eria semuporofita, katambo kadiki kaya, zera rechechi rekare. Rimwe remazuva ano ndichaunza uye ndichakuratidzai kuti Israeri yaive nemazera manomwe echechi, zvakare, uye akafananidzirwa chaizvo neaya. Uye muzera ravo rechechi, mumazuva aEria, vakamuramba uye pane makore matatu nemwedzi mitanhatu kusina kunaya mvura. Uye muporofita wekare akataura kuti “matenga akanga akaita sendarira,” kutonga kwaMwari pamarudzi nokuda kwokuramba Mwari uye nokuteerera Jezebheri.

¹⁸³ Ndarira zvakare inomiririra kutonga kwaMwari paartari paiurayirwa chipiriso, artari yendarira, chakauraiwa. Nheyo chaidzo dzakanga dziri dzendarira, kutongwa. Akatsika-tsika chisviniro chewaini yekutyisa kwaMwari uye akatora kutongwa kwedu paAri. Vhurai kuna Zvakazarurwa 19:15, kweminiti bedzi, ngationei zvaAkaita. Zvakazarurwa 19:15, ngativerengei kwechinguvana kana ndikakwanisa kuiwana. Hongu, ngatitangirei sepanenge . . . ngationei, sepandima 12:

Meso ake akange . . . mirazvo yemoto, uye nepamusoro wake pakange pane korona, korona zhinji; uye wakange ane zita rakanyorwa, risina kuzivikanwa nemunhu, asi . . . naiye.

Uye wakange akapfeka nguvo yakanyikwa muropa: uye zita rake rainzi Shoko raMwari. (Zvino, rangarirai, Zita raKe rakanga risiri Shoko raMwari, Zita raKe raidaidzwa kudaro. Maona?) . . . zita rake rainzi Shoko raMwari.

Zvino hondo . . . dzekudenga . . . hondo dzaiva kudenga dzakamutevera dzakatasva mabhiza machena, dzakapfeka mucheka wakanaka, muchena uye usina tsvina.

Uye mumuromo make makabuda munondo unopinza, kuti nawo arove nyika: uye uchavatonga netsvimbo yedare: uye achatsika-tsika . . . (Chii ichocho?) . . . kutsika-tsika chisviniro chewaini yekutyisa kwekutsamwa kwaMwari Samasimba.

¹⁸⁴ Chii chaAkaita? Hasha dzaMwari dzakanga dziri pamusoro pedu nokuda kwokuva vatadzi. Ndizvo here? Hapana aigona kuzviponesa. Hapana chataigona kuita, isu tese “Takazvarirwa muchivi, tikaumbwa mukusarurama, tikauya panyika tichitaura nhema.” Uye chii chaAkaita? Akauya panyika, Hareruya,

akatsika-tsika chisviniro chewaini! Hasha dzose dzaMwari Samasimba dzakadururirwa pamusoro paKe. “Wakakodzera, O Gwayana raMwari, nokuti Wakauraiwa.” Ndokutora zvivi zvenyika paAri, uye Akatakura zvivi zvedu, zvekuti Mwari vakadurura kutyisa kwehasha dzaVo paAri. “Uye Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakatiunzira rugare kwakanga kuri pamusoro paKe, uye nemavanga aKe takapodzwa.” Hapana kana munhu akafa seMurume iyeye! Akatambura kusvikira ropa nemvura zvaparadzana mumuviri waKe. Uye madonhwe eropa akadonha kubva pahuma yaKe Asati afa.

. . . *chisviniro* chewaini *che . . . hasha . . .*
dzokutyisa . . . *kwaMwari* Samasimba.

¹⁸⁵ Rimwe zuva tsoka idzodzo dzendarira dzekutonga kune kururama (Kubwinya!), paAnouya semutongi, Achatsika-tsika antikristu, nevavengi vaKe vese. Hareruya! Achafamba nemunyika netsvimbo yedare muruoko rwaKe. Ameni! Oo, tendeuika, shamwari mutadzi, uchiine mukana wekutendeuka. Edza, kuzviisa kurutivi uye wofunga kuti ingori nyaya diki isingazoitike. Zvichaitika! “Hazvingamboitike kwandiri.” Zvichaitika kwauri!

¹⁸⁶ Tsoka dzendarira, dzinotsika-tsika vavengi vaKe. Nokuti Akatambudzika uye akatsika-tsika chisviniro chewaini chekutyisa kwaMwari kuti abhadhare zvivi zvedu. Uye zvadaro isu, honye dzine mhosva, varombo, vanosiririsa sezvatori, tinosimudza mhino yedu duku mudenga uye toverenga imwe mhando yebhuku rekuti hakuna Mwari uye toedza kufunga kuti “hakuna Mwari,” uye toti “hakuna chinhu chakadai, uye kutongwa hakugoni kuuya.” Achatora tsoka idzodzo dzendarira opwanya muvengi waKe. Achafamba napamusoro paantikristu. Achatora machechi iwayo akatsauka oapotsera muZiyendanakuenda uko, pane imwe nzvimbo mumoto unoparadza umo maichaparadzwa nekubviswa zvachose. Uye Achatonga panyika, Iye neChechi yaKe nokusingaperi. Kubwinya!

¹⁸⁷ “Musoro, wakachena semakushe,” kururama, ruzivo, kugona kutura, kuzvikwanira, huchenjeri. Kukura, muchena, zvinotaura nezve huchenjeri, hwakura. Anoziva zvaAri kuita. Ndiye—Ndiye Chitubu chehuchenjeri. Ndiye Chitubu cheruzivo. Ndiye Chitubu chezvinhu zvose zvakanaka, nokudaro Anomiririrwa mune uyu akaita seMwanakomana wemunhu, akanga akapfeka bvudzi jena iri rakanga rakaremba pasi. Dhanieri akaMuona mazana emakore mazhinji, makore mazana manomwe, uye akati, “Akanga ari Mukweguru pamazuva. Uye mumwe akafanana neMwanakomana wemunhu akauya musimba uye akabatana neMukweguru pamazuva uyu, uye kutonga kwakanga kwagadzirirwa.”

188 Zvino ndinoda kungokubvunzai chimwe chinhu. Ndiri kutaura kunewe chechi inodziya. Mhandara gumi dzakabuda kunosangana naShe, vashanu vavo vakanga vakachenjera, vashanu vakapusa; sezvatatora mangwanani ano, muti uya wakabatanidzwa. Zvino, rangarirai, pavakabuda kunze kunosangana naMwari...Zvino tarisai, Bhaibheri rakati, “Mabhuku akavhurwa.” Dhanieri 7:9, “Mabhuku akavhurwa.” Ndiro bhuku remutadzi. “Uye rimwe bhuku rakazarurwa.” Ndiani akauya naYe? Chechi kubva paKubvutwa. Oo! “Makumi ezviuru akapetwa zviuru akapetwa zviuru zvezviuru vakauya naYe uye vakashumira kwaAri,” Mudzimai waKe, Mwenga. Oo, kubwinya! Mudzimai waKe akauya naYe, Chechi.

189 Kutonga kwakagadzirwa, uye mabhuku akazarurwa. Zvino rimwe bhuku rakazarurwa, raiva mhandara yakarara, zvino munhu wese akatongwa saizvozvo kubva mubhuku. Uchakumbirwa kuti upe chikonzero sei usina kudaro, uye zvakare zvozodii? Unoziva zvirini nani zvino, unoziva zvirini nani. Unogona kunge usina kuZviziva kumashure, asi unozviziva zvino. Maona? Ko kana zvichiremera wakarurama uyu kuti aponeswe, ko mutadzi iyeye nemunhu asina humwari vachaonekwepi? Uyo anoramba, achiziva zvirini nani uye obva aZviramba. Vachaonekwepi? Tsoka dzaKe dzakaita sendarira, kutonga kwaMwari.

190 Zvino, ngationei, munguva pfupi ticha...kudzika zasi kunoperera peji zvino:

. . .bvudzi rakaita *semakushe*, . . . uye *meso ake* ari . . . mirazvo *yemoto*;

Uye tsoka dzake dzakafanana — tsoka dzakafanana . . . ndarira, . . . yakapiswa muvira; uye inzwi rake . . . ruzha rwemvura zhinji.

191 “Izwi remvura zhinji.” *Mvura* dzinomiririrei? Kana uchida kuzvinyora pasi, vhura kuna Zvakazarurwa 17:15, zvino uchaona kuti Bhaibheri rakati, “Mvura dzawaona huwandu, neruzhinji, navanhu, nendimi.”

Zvakanaka, *Izwi*. Chinhu chinotyisa sei kumweya uri kuyerera pagungwa rehupenyu, hapana mutyairi anomutungamirira, akasununguka, achiyangarara nemafungu, achinzwa kutinhira kwemapopoma makuru, mapopoma! Chinhu chinotyisa zvakadini kumweya uri kukuyerera! “Izwi remvura zhinji.” *Izwi* raKe chii? Ndiko kutonga, izwi revashumiri, kubudikidza neMweya Mutsvene, vakadanidzira kuvanhu muzera rega-rega, vakamira ipapo, Izwi remvura zhinji rakadanidzira, huwandu nemhomho, Izwi renyeredzi nomwe dziri muruoko rwaKe, kuzera rimwe nerimwe rechechi, dzichiparidza rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rubhabhatidzo muZita raJesu, kutaura nendimi, simba raMwari, rumuko rwaKristu, Kuuya Kwechipiri, Kutonga kwaMwari.

Izwi remvura zhinji rakabva kune uyu akanga akafanana noMwanakomana womunhu, mvura zhinji.

¹⁹² Zvichava zvakadini kuziva kuti wakagara mumisangano uye ukanzwa kuti unofanira kugadzirisa naMwari uye wogamuchira Mweya Mutsvene, zvino mweya uri kuyerera uchinzwwa izwi iroro richitaura mumusangano uya wawakagara mauri, uye ukanzwa kutonga kwaMwari kuchiparidzwa, uye ukaZviramba. Kudonha kukuru kutori pazasi pako, mapopoma makuru achakuendeswa kunoparadzwa kwako kweKusingaperi.

¹⁹³ Izwi remvura zhinji, hunhu hwaKe hwechina. Izwi remvura zhinji. Uchazviita sei kana zvakarekodhwa muKubwinya, kana izwi rarekodhwa manheru ano? Izwi rako rinorekodhwa. Pfungwa dzako dzinorekodhwa. “Sokufunga kunoita munhu mumwoyo make, ndizvo zvaari.” Cherechedzai, izwi rako rine ruzha Kudenga kupfuura rako...Ndinoreva kuti, pfungwa dzako dzine ruzha Kudenga kupfuura izwi rako riri panyika. Zvirokwazvo, rinodaro. Mwari vanoziva mifungo nevavariro dzemwoyo, Vanoziva zvose pamusoro pazvo.

¹⁹⁴ Vakati kuMufarisei, “Imi vanyengeri, mungataura sei zvinhu zvakanaka, kana muromo uchitaura zvinobva pazvizhinji zviru mumoyo? UchiNdidana kuti, ‘Tenzi, vakanaka,’ uye Ndinoziva, Ndinogona kutarisa nemauro ndoona kuti uri munyengeri. Hamusi kureva izvozvo.”

¹⁹⁵ Oo, zvichavei sei izvozvo pazuva iroro apo Izwi riya parichatinhira richibva mumvura zhinji, mazera mazhinji echechi achiuya?

¹⁹⁶ Zvino ndinoda kukubvunzai chimwewo chinhu. Regai nditaure chimwe chinhu kwamuri imi vanhu vakaponeswa, regai nditaure izvi kwamuri.

¹⁹⁷ Zvino, iwe mweya uri kuyerera, iwe muyeredzwi anonzwise urombo ari kuyerera nepamusoro pemapopoma makuru iwayo uko, chenjera. Chichave chinhu chinotyisa kana waziva kuti hapana kuponeswa kwauri ipapo. Haugone kuponeswa ipapo, unoziva kuti kuparadzwa kwako kuri pamberi pako chaipo. Paunoziva kuti mumaminitsi mashoma uchanzwa Izwi riya richitaura, “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama, muchipinda mumoto usingaperi wakagadzirirwa dhiyahhore navatumba vake.” Uchazoziva paunonzwa mapopoma makuru aye achiomba nemanzwi iwayo emisangano iya, paunenge uchipfuura mune izvi. Oo, chinhu chinotyisa sei, ihope dzinotyisa dzakadini! Musazvirega zvichiitika kwamuri, vanhu. Tendeuka, gadzirisa naMwari zvino, uchiri kugona kugadzirisa.

¹⁹⁸ Zvino ndinoda kukubvunzai chimwewo chinhu. Chii chinonyanya kutapira kumunhu akaisa hoko, akarara pasi pemuti nogara wakasvibira, achinzwa rukova rwuri kuyerera? Oo! Ndiyo Chechi yakagara munzvimbo dzekumusoro kumatenga ine Inzwi raMwari richiyerera zvinotapira uye

richitaura kwavari zvino. Munoono zvazviri? Kupomerwa kumutadzi, uye ropafadzo kune wakaponeswa. Munhu akarovera hoko yeigwa rake zvachachengeteka paDombo Kristu Jesu, uye ongorara achiteerera, anogona kuzorora zvakadini! Opinda muzororo iroro.

¹⁹⁹ Ndinofarira kusvika panoyerera mvura. Kana tikamboenda kunoraura kana chimwe chinhu, ndinowanzoedza kuzvitsvagira nzvimbo uko mvura padziri kuyerera zvinonzwika, nokuti zvinongokuita kuti uzorore. Unoinzwa ichingotaura husiku hwese. Oo, ini zvangu!

²⁰⁰ Hazvina kunaka here kana uchinyatsokwanisa kuisa mweya wako hoko muna Kristu, munzvimbo yakadai kusvikira unokwanisa kunyarara pamberi paKe? Uye wonzwa Izwi raKe richitaura kwauri, “Ndini Jehovha anokuporesa. Ndini Jehovha anokupa Hupenyu Husingaperi. Ndinokuda. Ndakakuzivai nyika isati yavambwa. Ndakaisa zita rako muBhuku, uri waNgu. Usatya, ndiNi. Usatya, Ndinewe.” Ndinobva ndaimba:

Ndakarovera mweya wangu hoko munzvimbo
yezororo,
Handichafambi nechikepe pamakungwa
anotyisa zvakare;
Dutu rinogona kuvhuvhuta napamusoro
pepakadzika panotyisa, pane dutu;
Asi muna Jesu ndakachengeteka zvachose.

²⁰¹ Rangarirai, Izwi racho rinotaura zvinotapira kwauri, richapomera mutadzi mhosva. Mafashama mamwe chetewo akaponesa Noa, akaparadza mutadzi. Munoono zvandiri kureva? “Izwi remvura zhinji.”

²⁰² Tarisai zvino, “Bvudzi rakaita samakushe, uye nemaziso akaita semirazvo yemoto, tsoka dzakaita sendarira, uye neIzwi remvura zhinji.”

Zvino muruoko rwake rwerudyi wakange ane nyeredzi nomwe: . . .

²⁰³ “Nyeredzi nomwe.” Zvino ngatitorei ndima 20 ipo pano:

Zvino Chakavanzika chenyeredzi nomwe dzawaona muruoko rwerudyi rwangu, nezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama. Nyeredzi nomwe ndivo vatumwa vanomwe (kana vatumwa vanomwe, vashumiri vanomwe) vekereke nomwe: nezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvawaona ndidzo kereke nomwe.

²⁰⁴ Anomududzirira kuti pave nechokwadi chekuti pasave nekukanganisa. Ngirozi kuzera rega-rega rechechi. Oo, zvichange zvakanaka, vhiki rino, kana tadzokera shure munhorooondo tonhonga ngirozi idzodzoko nekuona shumiro yacho yavakanga vanayo. Vaiva neshumiro imwe chete. Imwe chete chaiyo zvichidzika nemuzera rose muChechi diki iyoyo.

205 Pane imwe nguva yakapfuura, mumwe munhu akati, “Munoziva, chechi yeKatorike, pane chirevo chakanaka, chekuti, ‘Ndiyo chechi yemazvirokwazvo nekuti yakaramba yakamira zvichidzika nemumazera ose.’”

206 Ndikati, “Hachisi chakavanzika, apo yaive nehurumende yese nezvimwe zvese kumashure kwayo, uye kuti yakamira sei nekukunda madutu. Asi chakavanzika kwandiri ndechekuti vaya vashoma-shoma, kwazvo vakagona sei kupfuura nemudutu, vakachekwa nemasaha, uye vakakandwa mushumba, nekuiswa pamasitirecha, ndokudyiwa, nekupiswa, uye neshumba...uye nekuurayiwa nezvimwe zvese, uye kuti vakapona sei.” Zvinoratidza kuti ruoko rwaMwari rwaiva navo. Ndizvo zvoga. Uye kunyangwe nanhasi Chiedza chayochichiri kupfuta. Amen! Hongu, changamire!

207 Zvino, “Nyeredzi nomwe dzakanga dziri muruoko rwaNgu rworudyi.” Aive nyeredzi nomwe muruoko rwaKe rwerudyi, zvinoreva vashumiri vanomwe vemazera manomwe. Oo, zvaka—zvakanaka. Tinodzokera zvino kunotoro mu—mushumiri akaunza Mharidzo kucheche yeEfeso. Nemushumiri akaunza Mharidzo akabatirira paIri kusvika murufu, zvichidzika zasi chaiko kusvika kucheche yeSmirna, uye kucheche yePergamo, yeTiatura, uye zvichienda zvichidzika nemuzera, kunyange kusvika muzera rino zvino. Vashumiri vakachengeta vakaunza Chiedza, uye vakaChichengetedza sechepakutanga pamavambo, uye vakaunza Chiedza kubudikidza naye.

208 “Akavabata muruoko rwaKe rworudyi.” Fungai! Ruoko rwerudyi hazvireve chaizvo sekuti Kristu akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari. Hazvireve kuti Mwari vane ruoko rwerudyi, nekuti Mwari Mweya. Asi Kristu aive ruoko rwerudyi rwesimba. Mubatidzani wako, muchinda—muchinda anomira newe, ari pedyosa newe.

209 Uye, rangarirai, nyeredzi nomwe dzakanga dziri muruoko rwaKe rworudyi. Chingofungai, dzakanga dzichitora simba radzo, Chiedza chadzo kubva kwaAri. Dzakanga dziri pasi pesimba raKe zvizere, muruwoko rwaKe rworudyi. Oo! Wose mushumiri waMwari wechokwadi ari zvimwe chetezvo. Kubatwa mune...Ndiani angavakuvadza? Ndiani angavakuvadza? Sokudanidzira kwakaita imwe yengirozi kumashure uko pakutanga. Rangarirai *ngirozi* zvinoreva “mutumwa.” Tinopinda mune zvinhu izvozvovakadzama garegare muvhiki. *Ngirozi* zvinoreva “mutumwa.” Uye akati, “Chii chingatiparadzanisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu? Chirwere chinogona here? Njodzi inogona here? Kushama kunogona here? Munondo unogona here? Rufu rwunogona here? Ndakagutsikana” akadarero Pauro, “kuti hapana chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari rwuri muna Kristu,” nokuti takazvipira zvizere kuruoko rwaKe rworudyi.

210 Mumwe munhu anoti, “Muumburuki mutsvene! Muumburuki mutsvene!” Izvozvo hazvimbovanetsa kana nepadiki pose zvapo. “Uri mupengereki wekunamata!” Havatombosvanzwi. Vakazvipira zvizere uye vachitora Hupenyu hwavo kubva kuruoko rwaKe rwerudyi rwesimba, vachiratidzira Chiedza chaKe mukupfava, nemutsa, nehunyororo, nekutsungirira; zviratidzo, nezvishamiso, neminana. Regai nyika iZvidaidze kuti “huroyi,” chero chavanoda kuita, hapana musiyano wazvinoita, nekuti tinoziva kuti takazvipira uye tiri muruwoko rwaKe rwerudyi. Hazvina kunakisa here izvozvo? Ini zvangu!

211 Zvino ngatichimbidzei, nokuti hatidi kukunetesai. “Muruoko rwaKe rwerudyi, nyeredzi nomwe.”

212 Zvino chechinomwe uye chekupedzisira chinomiririra hunhu hwaKe:

...uye *mumuromo make* munobuda *munondo unopinza unocheka* nekwose: . . .

Ndaireva kuti, ndicho chechitanhatu.

...*mumuromo make* munobuda *munondo unopinza unocheka* nekwose: . . .

213 Zvino, Izwi remvura zhinji, uye kubva mumuromo maKe . . . Muruoko rwaKe rwerudyi Aive nenyeredzi.

...uye *mumuromo make* munobuda *munondo unopinza unocheka* nekwose: . . .

214 Zvino, munoziva here kuti munondo unopinza unocheka nokumativi ose wemuBhaibheri chii? Regai timbozvibata kuitira kuti muzive. Torai VaHebheru 4:2, kungodzoka kumashure tongoti peji imwe chete kana maviri zvino muchaiwana, munooona. VaHebheru iri kuseri kweZvakazarurwa apa; Judhasi, uye tevere VaHebheru. Zvino, zviisei nepedyo zvino. Kana kuti . . . VaHebheru, chitsauko 4 chaVaHebheru, hechinois ichi. Zvakana, VaHebheru chitsauko 4 ndima 12:

Nokuti shoko raMwari ibenyu, uye rine simba kudarika, uye rinopinza kukunda munondo unocheka nekumativi maviri, rinobaya kusvikira panoparadzana munhu wemukati nemweya, nemafundo nemwongo, uye rinonzvera mifungo nevavariro dzemoyo.

215 Zvino vanobva vakudana kuti “muverengi wepfungwa.” IShoko raMwari richiratidzwa muChechi yaVo! Rinopinza kupfuura chero munondo unocheka nekumativi maviri. Nhai, ndabva ndazongofunga nezve chimwe chinhuve ipapo. Handizive kana ndanyora Rugwa- . . . Wanai Zvakazarurwa 19, kweminiti. Ngatiwanei izvi zvakare, ndinofunga ndizvozvo. Ndinogona kunge . . . Zvakazarurwa 19, sepa 11:

Zvino ndakaona matenga akazaruka, zvino ndikaona bhiza jena; . . . (Hepanoi chichena chichiuya zvakare,

kutonga.) . . . *naiye wakange agere pamusoro paro wakanzi Wakatendeka noWezvokwadi*, uye mukururama ano . . . *tonga nekuita hondo*. (Munoziva kuti aiva ani, hamudaro here? Zvakanaka.)

Meso ake akanga . . . mirazvo yemoto . . . (Aiva Ani?) . . . uye pamusoro wake pakanga pane . . . korona; . . . (Uh-oo. Atopinda muhumambo zvino.) . . . uye wakanga ane . . . uye—uye wakanga ane zita rakanyorwa, risina kuzivikanwa nemunhu, asi . . . naiye bedzi.

Zvino wakanga akapfeka nguwo yakanyikwa muropa: uye zita rake rinonzi Shoko raMwari.

216 Chii chakabuda mumuromo maKe? Chii chakaenda? Mutasvi webhiza jena. Uye Zvakazarurwa, zvakare, 7, apo . . . Ndinotenda 8. Apo bhiza jena . . . kwete, i 6. Mutasvi webhiza jena paakaenda, Akapihwa u—uta, kuti akunde nekukunda.

217 Uye munondo wakabuda mumuromo make. Aiva chii? Mutasvi webhiza jena waZvakazarurwa. Cherechedzai munondo. “Kubva mumuromo maKe munobuda munondo unopinza unocheka nekumativi maviri,” Shoko. Uye, pakupedzisira, neShoko raKe, paRinozoratidzwa kuvanakomana vose vaMwari, Achatsika-tsika nyika yega-yega pasi neShoko raKe, nemunondo uyu unopinza. Tarisai zvakaatika pano, tichizvitora:

Uye . . . ruoko rwake rworudyi . . . uye mumuromo make makabuda munondo unopinza unocheka nekwose: uye huso hwake hwakanga hwakaita sezuya rinopenya nesimba raro.

218 “Munondo unopinza unocheka nemativi ose.” Chii chaibuda mumuromo memunhu uyu? Shoko raMwari. Munondo unopinza unocheka nemativi ose. Wakanga uchiitei? Uchinzvera mifungo yemoyo, zvinangwa; unodzika kunyangwe kupfuura nyama, iyo nyama, zvizenga zveropa, uchinopinda mubvupa, uchidzika kunopinda mumwongo webvupa, uchipfuurira mberi kwaizvozvo, kunyangwe kuve munzveri wemifungo nezvinangwa zvemoyo. Ndizvo zvinoita Shoko raMwari.

219 “Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Uye zvino Shoko raitwa nyama muChechi yaKe, richigara pakati pedu. Ngirozi dzaKe dziri muruoko rwaKe, dzichishumira. Mwari vari kuvimba neChechi yaVo. Mwari vari kuvimba nesu vezera rino kuti tiunze Chiedza cheVhangeri ichi kunyika iri kufa, yakasungwa nechihedheni, yetsika. Mwari vari kuisa mutoro pandiri newe. Nhamo kwatiri kana muhedheni akafa asingazivi. Oo, vakaenderera vachiverenga, kunyora, nemasvomhu, netumabhuku tushoma twechitendero, uye havana chimwe chavakaita kunze kwekuita boka revakangopinzwawo muchitendero. Ndinoreva Vhangeri!

Vhangeri harisi Shoko bedzi. Pauro akataura kudaro. Pauro akati, “Vhangeri harina kuuya kwatiri kubudikidza neShoko chete, asi Shoko iroro rakaratidzwa.” Kana Shoko, neMweya Mutsvene, riri... Shoko rikadyarwa mumoyo une Mweya Mutsvene uye rinoburitsa zvinonzi neShoko Rinozoita. Uye Shoko rinokwanisa kunzvera mifungo yemoyo! Kubwinya! Oo, ini zvangu! Oo! Munzveri wemifungo nezvinangwa zvemwoyo, Shoko rinodaro.

²²⁰ Rinobuda mumuromo maKe, munondo unopinza unocheka nekwose, unomutsa vahedheni. Chimwe chinhu chinofanira kuitika rimwe remazuva ano. Hongu! Shoko raMwari, Zita raKe rakanga riri Shoko raMwari, Shoko rakaratidzwa. Tarirai, Jesu akati, “Endai munyika yose,” Marko 16, Kwaziso yaKe yekupedzisira kuchechi asati Adzoka kuzoZvizarura muzera rechechi. Akatuma Chechi, “Endai munyika yose muparidze Vhangeri kuzvisikwa zvose.” Chii? Paridzai Vhangeri. Marko 16, “Paridzai Vhangeri kuzvisikwa zvose.” Chii icho? Nemamwe mashoko, “ratidzai simba reMweya Mutsvene,” zvazvaifanira kuva.

²²¹ Zvino tarisai, “kune wese...” Kwete kungodzidzisa Shoko; haAna kumboti, “Endai munodzidzisa Shoko.” Akati, “Endai munoparidza Vhangeri.” Kwete kudzidzisa Shoko, paridzai Vhangeri. “Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda Vhangeri iri; muZita raNgu vachadzinga madhimoni, vachataura nendimi itsva, kana vaizobata nyoka kana kunwa chinhu chinouraya hachaizovakuvadza; Kana vakaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora.”

²²² “Zvino vakabva vaenda,” Rugwaro rwakadaro, “vachiparidza kwese-kwese; Ishe vachishanda navo, vachisimbisa Shoko nezviratidzo zvichitevera.” Ndiro Vhangeri, Vhangeri richiratidzwa.

²²³ Zviratidzo izvi zvichatevera vangani? Kusvikira kumagumo enyika, kuzera rega-rega. Havo vashoma vava vari kuuya vachidzika nemo, vakabata Chiedza ichocho. Ndosaka Jesu akati, “Musatya, imi boka duku, kuda kwaBaba venyu kwakanaka kukupai Humambo.” Boka duku; vashoma nguva dzose, kwete ruzhinji.

²²⁴ Zvakanaka, zvino chimwe chinokorwa. Uye tatora yechi 20, saka zvino ngationei pano pandima iyi pano. Zvino yechi 16:

Zvino muruoko rwake rwerudyi wakange akabata nyeredzi nomwe: . . .

²²⁵ Zvino ngatitorei . . . uye . . . huso hwaKe:

. . . mumuromo make munobuda munondo unopinza unocheka nekwose: uye huso hwake hwakange hwakaita sezuva rinopenya nesimba raro.

226 Kana mukazarura kuna...ngationei, Mateo 17. Ngatingoitorei pano chaipo tichiri pazviri; saka tiri kungozvipfuudza, uye vazhinji vevanhu ivavo vari kuzvitora, regai...kana kuzvinyora pasi, tichangovarega vachizviverenga kuitira kuti tizive.

227 Mateo 17, zvakanaka:

...mazuva matanhatu akati apfuura Jesu akatora Petro, Jakobho, naJohane...mugomo refu vari voga,

Uye akashandurwa chimiro pamberi pavo: uye chiso chake chikapenya sezuva, uye nguwo dzake dzikava chena sechiedza.

228 Akashandurwa. Chii chaAkaita? AkaZvipfuudza nemukushandurwa, achipinda muzuva raKe raizouya. Zvino tarisai, maawa mashoma izvi zvisati zvaitika, Jesu akanga aita chirevo ichi kumashure kuno muchitsauko chinotevera, “Zvirokwazvo Ndinoti kwamuri, vamwe vamire pano...” Vangani vanoziva zvandichataura? “Vamwe vamire pano havazopfui, havazofi, kusvikira vaona Mwanakomana womunhu achiuya muKubwinya.” Ndizvo here? Zvino Akatora Petro, Jakobho, naJohane, zvapupu zvitatu, nokuti muTestamende Yekare zvinhu zvose, shoko duku rega-rega, raisimbiswa nezvapupu zvitatu, ndokuvatora kumusoro mugomo.

229 Cherechedzai chakatanga kuuya. Oo, handikwanisi kungomirira ipo pano, ndinongofanira kutora izvi. Tarirai! Chii chinhu chekutanga chavakaona? Vakatora Jesu vakaenda kumusoro mugomo...kana kuti Akavatora kumusoro, uye Akashandurwa pamberi pavo, akashandurwa. Nguwo dzaKe dzakapenya sezuva riri pakati pesimba raro, uye ipapo pakaonekwa kwaAri Mosesi naEria. Mwanakomana wemunhu ari kuuya ari muchimiro chipi zvino? Uye kutanga, kuchaonekwa, achava Mosesi naEria.

230 Zvino, cherechedzai, Jesu asati adzoka panyika...Zvino, izvi zviru mberi kwenguva zvishoma, asi Mweya waEria uchadzoka panyika uye wodzorera mwoyo yevana kuna baba. Bhaibheri rakatora kudaro. Jesu akamuona pano, vaapostora vakamuona pano, hurongwa hwekuuya kweMwanakomana wemunhu akabwinyiswa. Anofanira kubwinyiswa uye achidzoka. Chinhu chekutanga, vasati vaMuona, chaiva chii? Eria. Tevere chii? Mosesi; Israeri ichidzokera uko, vachengeti vemurairo. Zvino tevere Mwanakomana woMunhu akabwinyiswa. Hareruya! Muri kuona here hurongwa hwekuuya kwaKe? Mweya waEria, kana chapupu chezera rechedhi yekupedzisira. Munoono, achiuya nesimba kuzoMuratidza.

231 Zvino maJudha zviuru zana zvinamakumi mana nezvina vachaungana paGomo reSinai, apo Israeri yatove nyika pachezvayo; nyika yekaresa pasi rose, mureza wekaresa

pasi rose; vane nyika yavo, mureza wavo, mauto avo, mari yavo, nezvimwe zvose. Vave imwe yenhengo yemubatanidzwa wedzinyika nekuti ivo inyika. Jesu akati havafaniri kumboraswa kusvikira zvinhu zvose zvazadziswa.

²³² Ichakavanzika chekuti boka iroro remaJudha, raitambudzwa kwese-kwese, uye nokudzingwa, nekumhanyiswa nekukandirwa kunze, seChechi zvichidzika nemumazera aya ekurambwa, asi zvakadaro Jesu akati, “Pamunoona muonde uchingungira mabukira awo, rudzi irworwo ruchidzoka kuzova rudzi zvakare, nguva yave pedyo, kunyangwe pamukova. Zvirokwazvo Ndinoti kwamuri, chizvarwa Chino hachingatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvazadziswa.” Mhando iyi... Vanhu ava havangatopfuuri. Hitler akaedza kuvauraya, Mussolini akaedza kuvauraya, Stalin akaedza kuvauraya, mumwewo munhu wese, asi havambofi vakakanganiswa, kana kudzingwa panyika, vachava vanhu norudzi rwumire kure uko. Amen!

²³³ Kuchauya Mosesi naEria. Oo! Ndinovimba kuti munozvibata.

²³⁴ Zvakanaka, “Zuva richipenya musimba raro,” huso hwaKe, hwakashandurwa, hwakashandurwa chimiro. Zvino chimwe chinhu, muna Zvakazarurwa 21:23, kana muchida kuzvinyora pasi. MuJerusarema Idzva, 21:23, Ndiye Gwayana riri muGuta, ndiro Chiedza charo, chinopenya; nekuti havangadi chiedza muGuta racho, zuva harichabudi mariri, nokuti Gwayana riri pakati peGuta richava Chiedza charo. Uye marudzi akaponeswa achafamba muChiedza cheGwayana! Amen! Ndiye Chiedza cheGwayana. Oo, hamusi kufara nokuda kwazvo here?

²³⁵ Kwete izvozvo zvoga, asi Ariwozve, mukuuya (Johane akaMuona muzuva raShe), Zuva rokururama. Handei kuna Maraki. Maraki, muporofita wekupedzisira wemuTestamende Yekare. Maraki, chitsauko 4.

²³⁶ Ndine kanyaya kadiki kekutaura nezve mudzimai wangu anokosha akagara kumashure uko. Ndakamupa nguva yakaoma tisati taroorana, ndakaedza kuzvigadzirisira mushure mekunge taroorana. Uye ndakanga ndisingazivi kuti ndaida kuroora zvakare here kana kuti kwete, zvino akakanganisika zvikuru. Uye ndakafunga kuti akanga ari musikana akanakisa kwazvo wekungosiya achienda, ndorega mumwe murume akanaka amuroore aizomuchengeta. Uye ndakafunga kuti ndakanga ndisina kuzvikodzera; uye handisi, wemutsa wake, zvakadaro. Saka akanetseka kwazvo uye asisazive zvekuita. Izvi zvave zve makore akapfuura, angangoita makore makumi maviri akapfuura. Akanetseka zvikuru, ndokutanga kuchema masakati neusiku. Uye ndakange ndichiedza kusiyana naye, kwete nokuti ndakanga ndisingamudi, nokuti ndakanga ndisingadi kumutorera nguva yake; nokuti, ndorega atsvage

mumwe munhu, mumwe munhu akanaka, nokuti musikana akanaka kwazvo wekungorega akadaro, uye ini nditora... kuti ndingofambidzana naye nezvinhu zvakadaro. Uye nda—ndaifunga kuti aindida, uye ndaiziva kuti ndaimuda. Saka ipapo ndakafunga, “Saka, ndichangoedza ku...Ndichafambidzana nemumwewo musikana toita tichibuda, uye ndomuita kuti ave nemanzwiwo akaipa pamusoro pangu.” Ndakapotsa ndamuuraya, ndakazozvivenga zvakanyanya mushure mazvo; akakanganisika zvikuru. Ndakamuudza, ndikati, “Uri musikana akanyanyisa kunaka, ini—ini handidi kukutorera nguva yako zvakadaro.”

²³⁷ Zino iye akati, “Asi ndi—ndinongokuda, Bill, uye ndiye oga wandinogona kuda.” Akati, “Nda—ndakagara ndichikuda.”

Ndakati, “Ndi—ndinozviyemura izvozvo. Asi,” ndikati, “unoziwa,” ndikati, “ndiri munhu anogara ari ega.” Ndikati, “Ndicha—ndichangorarama semunhu anogara ari ega. Waona, ini—ini handisi kuzoroora zvachose.”

²³⁸ Zvino akanga akanyatsotsunga pazviri, munoziva, kamunhu kadiki kanonzwisa tsitsi. Zvino akabuda kunze akaenda kushe—shedhi. Zvino akaenda kunze ikoko, ndokupfugama namabvi ake, zvino akati, “Ishe, handizivi zvekuita. Ini—handidi kusaKuteererai, asi zvakadaro ndinoda Bill, uye handizivi zvekuita. Ishe, Mungangondipawo kakunyaradzwa here? Mungangondibatsirawo zvishoma here? Handina kumbobvira ndakaKukumbirai izvi muhupenyu hwangu, Ishe, uye ndinovimba kuti handichazombofaniri kuKukumbirai zvakare,” akati, “asi kana Mukangondibatsira, uye monditendera kuti ndivhure Bhaibheri iri, uye Imi ndipeiwo Gwaro. Ndakanzwa vanhu vachiti Makaita izvozvo.” Zvino paakarivhura, yaive Maraki 4:

*Tarirai, ndinopa kuna...kana kutumira kwamuri
Eria muporofita zuva iro—iro raJEHOVHA rinotyisa risati
rasvika:*

²³⁹ Akati, “Ndakasimuka kubva ipapo ndakatongogutsikana zvizere kuti takanga tiri kuzoroorana chete.” Maona?

*Nekuti, tarirai, zuva rinouya, richapisa sechoto;
uye vose vanozvikudza, hongu,...vose avo vanoita
zvakaipa, vachava mashanga: uye zuva rinouya iro
richavapisa, ndizvo zvinotaura JEHOVAH wehondo, uye
harizovasiyiri mudzi kana davi.*

*Asi kunemi munoty zita rangu...Zuva (Z-u-
v-a) Zuva rokururama richabuda riine kuporesa
mumapapiro aro;...*

²⁴⁰ “Zuva richipenya musimba raro.” Oo! Simba reMwanakomana waMwari richipenya pakati pedu manheru ano. Akamira pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe muhunhu hwaKe hwakapetwa kanomwe pano semutongi.

SoUyo akatambudzika uye akatifira, uye akatora kutonga kwaMwari paAri, akatsika-tsika chisviniro chewaini, iko kutyisa kwaMwari. Kumutadzi ndiYe mapopoma anotyisa, kwauri mweya wakaregedzeka uri pamusoro pegungwa rehupenyu. Uye kuChechi, Muponesi anotapira, wakadzika hoko muzororo, uye uchinzwa hova inotubuka-tubuka paunenge wakarara nekuzorora zvakakwana muna Kristu. Inguva yakadini! Achitivhenekera nemirazvo yaKe inodziya, “Musatya, ndiNi Iye wakange aripo, aripo, uye achauya. Nдини Samasimba, kunze kwaNgu hakuna mumwe. Ndiri zvose Arfa naOmega, uye Ndichapa kune uyo ane nyota kubva muzvitubu zvemvura yeHupenyu pachena.” Oo, ivimbiso yakadini uye inyaya yerudo yakadini! Uye Gwayana riri pakati peGuta risingadi chiedza, uye ndiYe Zuva rokururama rine kupodza mumapapiro aKe.

Ndiye Hapa yemuMupata, Nyamatsatsi
yeMangwanani Inopenya,
Ndiye akanakisa pazviuru gumi kumweya
wangu;
Mukusuwa ndiYe munyaradzi wangu,
mudambudziko ndiYe hugaro wangu,
Anonditaurira kuti ndiise zvinetso zvose
kwaAri.

Hareruya!

Ndiye Hapa yemuMupata, Nyamatsatsi
yeMangwanani Inopenya,
Ndiye akanakisa pazviuru gumi kumweya
wangu.

²⁴¹ Hongu, changamire! Oo, Nyamatsatsi huru iya yeMangwanani painobuda kuzopenya, ichirumbidza zuva riri kuuya, ichiritumira, ichiti, “Zuva rava kuda kubuda, Mwanakomana ari kuswederera pedyo,” zvino AnoZvidhonza kubva seri kwedzimwe nyeredzi dzose (Oo, ini zvangu.) nokupodza mumapapiro aKe.

²⁴² Zvino tichidzokera kumharidzo yedu. Uye tave kuvhara zvino, kuti tigadzirire mangwana manheru, nokuti nguva yave quarter till nine, hatidi kuchengeta chero munhu kwenguva yakarebesa, kungoti isu tive pano.

²⁴³ Zvakanaka, Zuva rekururama riine kupodza mumapapiro aRo. Zvino huso hwaKe. Akanga ari mutongi, kana kuti chimwe chinhu chokuratidza kuti akanga apinda muzuva raShe. Munozvitenda here izvozvo? Akaenda mberi muzuva raShe akaona Ishe somutongi; kwete somuprisita, kwete samambo, asi somutongi. Iye Mutongi. Hamuzvitendi here? Bhaibheri rinoti Iye Mutongi. Zvino heunoi paAiva akapfeka soMutongi, achiratidza zvaAkanga aita; zvaAiva: zvaAiva kumutadzi, zvaAiva kuMukristu. Zvino Heunoi Amire zvino neInzwi remvura zhinji, uye huso hwaKe hwakanga hwakaita sezuva richipenya musimba raro.

²⁴⁴ Zvino mhedzisiro yacho, ndima 16. “Uye...” Kwete, ndinokumbira ruregerero, indima 17:

Zvino ndakati ndichimuona, ndakawira pasi patsoka dzake sendinenge ndafa.

²⁴⁵ Ini zvangu! Muporofita haana kuzokwanisa kumira zvachose, achiona chiratidzo chakadaro. Akango—Akangopedza simba rake, ndokuwira pasi chaipo patsoka dzaKe seakafa. Zvino tarisai:

Zvino akaisa ruoko rwake rworudyi pamusoro pangu, achiti kwandiri, Usatya; ndini wokutanga nowokupedzesera:

²⁴⁶ Oo, ini zvangu! Kwete muporofita, Mwari! “Ndini wekutanga newekupedzisira. Ndini wekutanga weZvakazarurwa, wekutpedzisira weZvakazarurwa. Ndini Uyo akanga aripo, Ndini Uyo aripo, Ndini Uyo achauya.” Ngationei:

Ndini... Ndi...

Zvino akaisa ruoko rwake rworudyi pamusoro pangu, achiti kwandiri, Usatya; Ndini wokutanga nowokupedzisira:

Ndini uyo ari mupenyu, uye ndakanga ndakafa; zvino, tarira, ndiri mupenyu nokusingaperi-peri, (Iye zvino. Zvino ndokubva adanidzira:) Amen; uye ndine kiyi dzehadhesi ne... rufu.

²⁴⁷ Zvino, musatya. Tingatyei? Ko sei Chechi yaizotadza kuchengeta raKe... kufunga nezveShoko raKe? Ngatimbomirai pano kweminiti, nokuti tave kuvhara. Ko Chechi iyi ingambotya sei? Chii chaAkambovimbisa chaAsina kuratidza pamberi pedu? Ungatya sei kurangwa kana ramangwana? “Usatya! Ndini Iye akanga aripo, Iye aripo, uye achauya. Ndini wekutanga newekupedzisira. Ndine makiyi egehena nerufu ipo pano.” Sei? “Ndakakurira uye ndikakunda zvose gehena nerufu (Ndizvo zvose guva nehadhesi; rufu pacharwo, hadhesi pacharo.) kuitira iwe. Ndakazvikunda zvese. Ndakakunda gehena, rufu, guva.” PaAive panyika, Ndiye ega aive muku-...

²⁴⁸ Varume vazhinji vakaenda kunokunda. Manga muchizviziva here? Napoleon akaenda kunokunda pasi rose, uye akazviita pazera remakore makumi matatu nematatu. Pazera remakore gumi nemanomwe kusvika makumi maviri neshanu, Napoleon akanga achirambidza doro, akanga asingatendi mukunwa kana chimwe chinhu. Akaenda kuFrance. Akanga asiri muFrench, akanga abva kune chimwe chitsuwa, akaenda ikoko kuti anotsiva kuFrance nekuti aisaifarira, aisafarira France. Asi akakundwa. Zvino akaenda uye akakunda France, akatora varume vechiFrench ivavo ndokukunda pasi rose. Zvino pazera remakore makumi matatu nematatu akagara pasi akachema nokuti pakanga pasinazve mumwe munhu wekukunda, ndokufa

ari chidhakwa. Akundwa, haana kana kukwanisa kuzvikunda pachake. Maona? Zvino ndokubva asangana nekukundwa kwake paWaterloo, akasangana nemagumo ake paWaterloo. Ndakanga ndiri kunze ikoko ndikaona zviratidzo zvekare-kare zvezvinhu zvakare nezvinhu kunze ikoko, patakanga tiri munyika macho. Zvino, tinitora mukundi iyeye, akatanga ari mujaya wechidiki uye akatora divi risiri iro kuti akunde, zvino akafa, zvinonyadzisa.

²⁴⁹ Asi paive nemumwe Mujaya wechidiki akauya munyika pane imwe nguva. Akafa ava namakore makumi matatu namatatu uye Akakunda zvose zvaigona kukundwa. PaAive panyika Akakunda zvido, kuzvikudza, Akakunda hurwere, Akakunda madhimoni. PaAkafa, Akakunda rufu. PaAkamuka, Akakunda gehena. Akakwira akapinda ndokukunda zvinhu zvose zvaipesana nerudzi rwevanhu, zvakapinda muchisviniro chewaini chaMwari ndokuzvipwanyira pasi ndokukunda rufu, gehena, guva, hurwere, tsika, nezvimwe zvose, uye akazvikunda zvose, akamuka nezuva retatu uye akakunda mhengo dzose dziri kumusoro, ndokucheka mhute iyoyo iri pakati paMwari nemunhu, ndokubatanidza Denga nenyika pamwe chete. Kubwinya! Oo, ini zvangu! Fiyuu!

²⁵⁰ Hapo paAmire Mukundi Mukuru sezvo Akatsemura chidzitiro nepakati, Hapo paAri. Ndine makiyi ezvose rufu negehena akarembere parutivi rwaNgu, “Usatya.” Akaisa ruoko rwaKe rworudyi (simba raKe) pamusoro pake, akamumutsa nesimba reruoko rwaKe rworudyi, akati, “Usatya, Ndini Uya akanga aripo, naIye aripo, neachauya. Ndini wekutanga newekupedzisira. Ndini Uye akararama, uye akafa, uye mupenyu zvakare nokusingaperi. Amenii!” Oo!

Tarirai! Tarirai Mukundi ane Simba,
Tarirai! Mutarirei achionekwa pachena,
Hapo paAmire, Mukundi ane Simba,
Sezvo Akatsemura chidzitiro nepakati.

²⁵¹ Amenii! Ndokucheka zvimhingamupinyi zvose kubva pavanhu, kuti vabatanidzwe semubindu reEdheni. Zvino, munhu . . . Ndanga ndichazvidzipa, asi ndichazvitaure. Munhu ndisamasimba. Hamuzvitendi izvozvo, asi ari. Munhu akazvipira zvizere kuna Mwari ndisamasimba. HaAna here kuti, muna Marko 11:22, “Chero zvinhu zvipi zvaunotaura, uye usingapokane mumoyo mako, zvichaitika. Unogona kuva nezvawataura?”

²⁵² Chii chinaitika kana vanasamasimba vaviri vasangana? Kana Mwari nemunhu vauya pamwe chete, vanasamasimba vaviri, chimwe chinhu chinofanira kuzunguzika. Chimwe- . . . Chero chipi zvacho chaungataura nesimba iroro rokusika rehusamasimba hwaMwari, uchiziva kuti Vakazvivimbisa, uye Vakazvitaure muShoko raVo, zvinosika simba rinoenda kunze

uko roita kuti zvinhu zviitike, zvinhu zvisipo, rinozviita, sokunge zviripo, nokuti vanasamasimba vaviri vasangana. Hapo paAmire! Oo, haAshamise here!

²⁵³ Ngationei kana tine zvimwe zvinhu zvakanaka. Ndima 18, zvino ndima 19. Johane; chii chakaitika paakaona chiso chaKe? Mhedzisiro? Akawira patsoka dzaKe; akanga asisakwanisi kumira zvachose, hupenyu hwake hwomunhu hwakapera, akanga asisakwanisi kuzviita. Akanga ari Mukundi, Akanga atokunda kare.

²⁵⁴ Zvino Anopa murairo, uye tobva tatanga kupedzisa chitsauko, iyi ndima 19:

Nyora zvinhu zvawaona, nezvinhu zviripo, nezvinhu zvichazovapo shure kwaizvozvi;

²⁵⁵ Takatora ndima 20:

Chakavanzika chenyeredzi nomwe dzawaona muruoko rworudyi, . . . ndizvo zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama. Nyeredzi nomwe ndivo vatumwa vanomwe vekereke nomwe: nezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvawaona ndidzo kereke nomwe.

²⁵⁶ Oo! Zvinoshamisa, shamwari. KuMuona akamira ikoko muhukuru . . . hukuru weHumwari hwaKe. Ndiye Mutongi, Muprisita, Mambo, Chapungu, Gwayana, Shumba, Arfa, Omega, Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; Uyo akanga aripo, aripo, uye achauya. Akatsika-tsika chisviniro chekutyisa kwaMwari, uye akafadza zvose, kusvikira Mwari (Akataura pamuchinjikwa,), paAkamuka (Akati, “Zvapera.”), zvakafadza Mwari *zvakananyanya*, kusvikira Mweya wakaMusiyi wakadzoka mangwanani eEsta ndokuMusimudza uye ukaMumutsa zvakare kuti tiruramiswe.

²⁵⁷ Ipapo Johane akatarira kumusoro ndokuMuona amirepo aine tsoka dzendarira, maziso akaita semirazvo yemoto inomhanya ichienda ichidzoka kwese panyika. Dhanieri akaMuona makore mazana manomwe izvi zvisati zvaitika, panzvimbo imwe chete, mhando imwe chete, munhu mumwe chete akamira ipapo, Mukweguru pamazuva, uye mumwe akafanana noMwanakomana womunhu akabatana pamwe naYe, uye kutonga kwose kwakapihwa kwaAri, amire paChigaro Chichena cheKutonga.

²⁵⁸ Tichiona zvinhu izvi, tinofanira kuva vanhu vakaita sei, shamwari? Mwari vakuropafadzei ndiwo munamato wangu. Maona? Munomuda here? Munomutenda here? Wakarovera here mweya wako hoko maAri?

²⁵⁹ Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

²⁶⁰ Chinyararire uye zvinyoro-nyoro, apo tichaimba chinyararire, *Ndakarovera Mweya Wangu Hoko MuNzvimbo YeZororo*, “Handife ndakanzwa mapopoma iwayo anoyerera

kuti adzingire mweya wangu kure, asi Zvichataura runyararo rwunotapira kumweya wangu.” Chinyararire zvino, noruremekedzo, munhu wose.

Ndakarovera mweya wangu hoko munzvimbo
yezororo,
Handichafambi nechikepe pagungwa rinotyisa
zvakare;
Mhepo huru inogona kutsvaira napamusoro
pepakadzika panotyisa, pane dutu,
Muna Jesu ndakachengeteka nokusingaperi.

Ndakarovera mweya wangu hoko munzvimbo
yezororo,
Handichafambi nechikepe pagungwa rinotyisa
zvakare;
Mhepo huru inogona kutsvaira napamusoro
pepakadzika panotyisa, pane dutu,
Muna Jesu ndakachengeteka nokusingaperi.

Vhenekerai pandiri, (regai Mirazvo
yeKubwinya, Ishe,) Ishe, vhenekerai pandiri,
Regai Chiedza chinobva Muimba yechiedza
chivhenekere pandiri;
Oo, vhenekerai pandiri, Ishe, vhenekerai
pandiri,

Ngatisimudzei maoko edu kwaAri.

Regai Chiedza chinobva Muimba yechiedza
chivhenekere pandiri.

Kuva saJesu, (Hongu, Ishe.) kuva saJesu,
Panyika ndinoshuva kuva saYe;
Murwendo rwese rwehupenyu kubva panyika
kuenda muKubwinya,
Ndinongokumbira kuva saYe.

. . . O Muponesi anoshamisa,
Panyika ndinoshuva kuva saYe;
Murwendo rwese rwehupenyu kubva panyika
kuenda muKubwinya,

²⁶¹ Ungada here kuti Hupenyu hwaKe hugare mauri, huchiratidza Hupo hwaKe? Kana uchida, uye usati wava nahwo, ungamira kuti unamatirwe here? avo vanoda kurangarirwa mumunamato. Mwari vakuropafadzei.

Kubva muchidyiro chezvipfuwo
muBheterehema . . .

Chingorambai makamira zvino, rambai makadaro.

...kwakauya Mutorwa, (Uchava mutorwa kunyika.)

Panyika ndinoshuva kuva saYe;
Murwendo rwese rwehupenyu kubva panyika kuenda muKubwinya,
Ndinongokumbira kuva saYe.

Kungova saJesu, kuva saJesu, (Ndicho chishuwo changu.)

Panyika ndinoshuva kungova saYe;
Murwendo rwese rwehupenyu kubva panyika kuenda muKubwinya,
Ndinongokumbira kuva saYe.

... akaderera, akazvininipisa uye akaderera.

²⁶² Zvino, Baba veKudenga, vakamira netsoka dzavo ndivo vazhinji vanoda kuKugamuchirai. Vaneta nekuyeredzwa uku kwese-kwese, vasingazivi kwavari kuenda, kunze pamafungu ehupenyu; uye nokuziva kuti zvimwe kusati kwaedza moyo uchamira kurova, zvino mapopoma makuru, anowira, pamberi pavo, mweya uri kuyerera. Vanga vakaita sezvavari pachavo, vanga vakaita senyika, asi vanoda kuva seMi zvino, Ishe. Vagamuchirei muHumambo hweNyu, ndeveNyu, Baba, nokuti Munoziva mwoyo yavo nezvinangwa zvemwoyo yavo. Uye Makatozvinyora, uye mukazvitaura nemiromo yenyu pacheNyu, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi.” Uyewo makati, Ishe, “Akaropafadzwa uyo anoverenga neuyo anonzwa mashoko echiporofita cheBhuku iri, nokuti nguva yava pedyo.” Vanocherechedza kuti nguva yava pedyo. Havachakwanisi kuyeredzwa zvakare, Ishe. Kandai tambo yehupenyu, vadhonzerei maMuri, Ishe. Dai vakabuda kubva manheru ano, vachiratidzira Chiedza chaJesu Kristu. Ndinovaisa kwaMuri, Mwari Baba, muZita raJesu Kristu. Dai vatevera Ishe mukuzvininipisa murubhabhatidzo pano pachechi; vapfeke Mweya Mutsvene muhupenyu hwavo kuitira kuti vakwanise kuva saJesu pamazuva avo ose asara. Tazvikumbira muZita raKe.

Kungova saJesu, kuva sa . . .

²⁶³ Vamwe venyu imi mose makamira pedyo kana kuti mugere pedyo nevanhu ivavo, vanova Makristu, svevererai mubate ruoko rwavo muvakwazise ruoko rwavo. Isa ruoko rwako pamusoro pavo, “Mwari agavarumbidzwe nekuda kwemweya wako.” Maartari edu akazara pano nevana nezvimwe, hatikwanise kuvaunza kumusoro kuno.

...nemurwendo rwese rwehupenyu kubva panyika kuenda muKubwinya,
Ndinongokumbira kuva saYe.

Vhenekerai pandiri, oo, vhenekerai pandiri,
 Oo, regai Chiedza chinobva Muimba
 yechiedza, chivhenekere pandiri;
 Oo, vhenekerai pandiri, Ishe, vhenekerai
 pandiri,
 Regai Chiedza chinobva Muimba yechiedza,
 chivhenekere pandiri.

²⁶⁴ Unonzwa zvakanaka here? Haunzwe zvakanaka here?
 Haufari here kuti uri Mukristu? Kwazisana maoko nemumwe
 munhu akagara pedyo newe zvino, patinenge tichiimba rwiyo,
 “Tichafamba muchiedza, ichi Chiedza chakanaka,” Chiedza
 chaIshe Jesu Kristu chichiratidzwa munyama.

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka
 kwazvo,
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
 akajeka;
 Chivheneke kwese kwakatipoteredza masikati
 neusiku,
 Jesu, Chiedza chenyika.

Imbai, munhu wese!

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
 akajeka;
 Chivheneke kwese kwakatipoteredza masikati
 neusiku,
 Jesu, Chiedza chenyika.

Huyai, imi vatsvene vose veChiedza taurai,
 Jesu, Chiedza chenyika;
 Zvino mabhero eKudenga acharira,
 Oo, Jesu, Chiedza chenyika.

Simudza maoko ako zvino.

Tichafamba muChiedza ichi, Chiedza
 chakanaka,
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
 akajeka;
 Chivheneke kwese kwakatipoteredza masikati
 neusiku,
 Jesu, chiedza chenyika.

Ticharamba tichifamba muChiedza ichi, Icho
 Chiedza chakanaka kwazvo,
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
 anopenya zvakajeka;
 Chingovhenekera kwese kwakatipoteredza
 masikati neusiku,
 Jesu, Ndiye Chiedza chenyika.

Tichafamba muChiedza ichi, (Chiedza
cheEvhangeri) Chiedza chakanaka,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chivheneke kwese kwakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

²⁶⁵ Kare pamavambo, paPentekosti apo Mweya Mutsvene wakawira pamusoro peChechi. Mharidzo yakadzika ichipinda muSmirna; hapo ndokumira Irenaeus, mutsvene waMwari mukuru, achitaura nendimi, simba raMwari, achimutsa vakafa, achiporesa vanorwara, akanga achifamba muChiedza. Mushure make kwakauya Columba, mutsvene waMwari mukuru ane simba. Vazhinji vevamwe vatsvene vakuru vakatakura Mharidzo zvichienda zvichidzika, vachifamba muChiedza, Chiedza cheVhangeri, Chiedza chimwe chete chakavhenekera paZuva rePentekosti; Kristu amire pakati pevanhu vaKe, uye zvigadziko zvemwenje zvinomwe zviya zvichiratidza kupenya kwaKe sezuya riri pakati pokupisa kwaro.

²⁶⁶ Hepanoi patiri muna 1961:

Tiri kufamba muChiedza ichi, Ndicho Chiedza
chakanaka kwazvo,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Oo, chivheneke kwese kwakatipoterredza
masikati neusiku,
O Jesu, Chiedza chenyika.

Ngatisimukei.

Ticharamba tichifamba muChiedza ichi,
Ndicho Chiedza chakanaka kwazvo,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chivheneke kwese kwakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

MunoMuda here?

NdinoMuda, ndinoMuda,
Nokuti (nokungoti) Akatanga kundida,
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁶⁷ Nokusazodzokerazve kuzvinhu zvenyika. Ndakafa kunyika uye nyika yakafa kwandiri. Ndinofamba bedzi muna Kristu, ndichitungamirirwa neMweya Mutsvene. NdinoMuda nokuti Anondida, uye anopenyera maropafadzo aKe pandiri, achindigamuchira muruwadzano rwemuHumambo hwaKe. Zvino tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, uye hazvisati zvaoneka zvatic hazove pamagumo; asi tinoziva kuti tichava

nomutumbi wakafanana nomutumbi waKe iye unobwinya,
nokuti tichaMuona sezvaAri.

Ipapo tichange tichifamba muChiedza,
Chiedza chakanaka,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chivheneke kwese kwakatipoterredza masikati
neusiku,
Jesu, Chiedza cheniyika.

²⁶⁸ MunuMuda here? Munoziva, mushure memharidzo
ichicheka nezvese, ndinofarira kunzwa vanhu vachipinda
munziyo votanga kunamata nekuimba muMweya. Hapana
chinhu chakanakisa kupfuura kuimba kwakanaka kwekare.
Ndizvozvwo chaizvo. Ndinoda kuimba kwakanaka kwechinyakare
kwechipentekosti; kwete manzwi akanyanyisa kudzidziswa
anobatwa kusvika vave kutswiririka uye voshanduka kuita
bhuruu kumeso, uye vasingazive zvavari kuimba. Ndinofarira
munhu uyo pamwe asina zvachose chipo chekuimba asi
zvakararo aine Ropafadzo rePentekosti, zvino ari kuimba
nezvaro. Oo, dzinobwinya sei—sei nziyo idzodzo dzinotapira
dzemuchinjikwa! Oo, ini zvangu!

Rwiyo rwedu rwekuperadzana zvino:

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekusuwa nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

Mangwana manheru naseven o'clock, seven o'clock chaidzo,
shumiro inotanga.

PaZita raJesu tichigwadama,
Towa tichizvambarara patsoka dzaKe,
Mambo wamadzimambo Kudenga
tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Tose ngatiimbei zvino.

Tora Zita raJesu newe,
Mwana wekusuwa nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Oo, Ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, Oo rinotapira sei! (Rinotapira
sei!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

²⁶⁹ Zvino, tazvipedza manheru ano. Izvo . . . vachangondibvunza
zvino, “Kana paine shumiro mangwanani?” Kwete, kwete
mangwana, wanai kuzorora kwakanaka mangwana. Pamwe

mangwana manheru, handizokwanisi kutora mharidzo iyoyo ichizoenderera, saka ndichaitora zuva rinotevera. Chero nguva yandinokundika pane...mharidzo ino yakakwana, ndinoisimudzira zuva rinotevera. Asi tine izvi zvakarongwa, ndinotenda kuti makatogadzirira Mazera eChechi. Handizvo here?

Zvakanaka, ngatikotamisei misoro yedu tichiimba chinyararire zvino:

PaZita raJesu takakotama, (Ndimi dzose
dzichaRipupura.)

Towa tichizvambarara patsoka dzaKe,
Mambo wamadzimambo Kudenga
tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera

Zita rakakosha, Oo rinotapira sei!
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha, Oo rinotapira sei! (Rinotapira
sei!)

Tariro yenyika nemufaro weDenga.



CHIRATIDZO CHEPA PATIMOSI SHO60-1204E
(The Patmos Vision)

M HARIDZO DZAKATEVEDZANA DZE CHIZARURO CHA JESU KRISTU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Zvita 4, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org